26.	I	Dalang niku bukan hanya cerita pewayangan yang diceritakan mbak namun harus bisa juga berdakwah, opo meneh lek neng Demak mbak. Meskipun dalange niku mboten kyai tapi harus iso dakwah mbak, raketang sitik yo ono ayat Al-Quran ne supoyo penonton seneng. Misal tokohe Semar nah niku kyai Semar nggih kudu dakwah. Sama niku mbak nek dalang kui kawruh Jawa kudu mateng, kawruh Arab yo podo kudu mateng. Menguasai tasawuf, tauhid juga mbak. Kulo tau ditakoni tentang surat Al-Fatihah kok iso ono 7 ayat kui piye, nah iku kudu dijelaskan secara tauhid mbak. Tentang semar meneh ya mbak, semar kui luweh milih dadi kawulo timbangane dewa. Nek dicritakno dowo ya mbak, intine kui kyai semar dilambangno dadi rakyat cilik seng nduweni watak apek, sabar, jujur, seneng kalian sesamane, rendah hati, lan sederhana. Wong urep nde donyo kui kudu lilo Ikhlas mbak. Pepelinge urep kui mung sakdermo

		nglakoni, dikei dadi ya dilakoni wae lan ditrimo opo onone, wantun seneng lan sengsoro, siji meneh mboten pareng teros ngersulo. Seng penteng kui dadio wong seng lilo mbak.
27.	P	Oalah nggih pak, lah niku nek dalang wonten persatuanne nopo mboten pak?
28.	I	Enten mbak, asmane paguyuban Pari.
29.	P	Ada profesi lain selain dalang nopo mboten pak jenengan?
30.	I	Mboten mbak, kulo dalang mawon.
31.	P	Soko profesine jenengan niku kan mpun dangu nggih pak, pripun jenengan mensyukuri nikmat dari Tuhan YME sebagai pelestari budaya wayang kulit pak?
32.	I	Ya memang nikmat jalaran profesi kulo nggih mung dalang. Kulo saget ngibadah haji kalian bojo kulo nggih sangking ndalang mbak, saget gadah celengan sawah soko ndalang mbak. Alhamdulillah seng katah mbak.
33.	P	Dadi profesi utama niku ndalang nggih pak?
34.	I	Inggih mbak ndalang mawon.
35.	P	Lah kabeh niku cukup nopo mboten pak nek mung ndalang mawon?
36.	I	Alhamdulilahe cukup mbak, sedoyo saget terpenuhi. Kulo nggih saget ndamelke anak kulo omah yo soko ndalang juga. Pokok e wes syukur alhamdulillah iki mbak.
37.	P	Nate nduweni sikap ngoyo mboten pak?
38.	I	Nek kulo sebagai dalang iku mboten mbak, wong dalang iku nek pentas niku penghibur masyarakat e mbak. Dadi misalipun bojo loro nggih lali, anane yo menghibur masyarakat. Nek wes bar lagi ileng loh bojoku loro. Nek mpun ndalang yo lali sekabehane mbak yang penting iku menghibur masyarakat, piye carane menghibur masyarakat.
39.	P	Lah niku keluarga, istrine jenengan mboten nopo-nopo? Nek misal pas sakit ditinggal ngoten.
40.	I	Nggih mpun mboten nopo-nopo, mpun kulino mbak nek saiki. Pas mbiyen awal-awal yo rodok protes sitik amergi ditinggal teros. Tapi nek ngene suwe-suwe yo mpun paham nek profesine bojone kui ndalang.
41.	P	Wonten kesulitan nopo mboten pak selama dados dalang (pelestari wayang kulit)?
42.	I	Inggih wonten kesulitan kedik mbak,eh iki juga iso disebut masalah ndeh mbak niku babagan panjer. Misale kulo wes diomongi uwong yo misal ono meneh yo kulo gagalke. Ndek kono kui gowo sistem siapa cepat dia yang dapat. Namun soko iku nggeh wonten kerugianne mbak terutama pas hari H acarane podo, selain iku misal di batalno dadakan nah iku kulo seng rugi mbak. Tapi nggih mpun nrimo wae sambil dongo oleh job soko liyane.
43.	P	Menurut jenengan, seberapa pentinge kesederhanaan ten kehidupan niku? Terutama jenengan seng sebagai pelestari budaya wayang kulit?
44.	I	Sangat penting mbak. Dadi ngene ndek ati kulo isone ati tenang tentrem bebasan istilahe baiti jannati nggih kudune sarwo nrimo. -Ora teros aku tak mewah, dadi kudu sederhana. Soale nopo kabeh kui kagungane gusti Allah mbak, nek gusti Allah maringi semono yo wes ditrimo.
45.	P	Pripun carane panjenengan mengekspresikan wujud sederhana selama menjadi pelestari budaya wayang kulit?
46.	I	Lah niku kulo kaleh bolo konco yo mboten nate ngomong sengak sombong nopo kepiye yo mung guyon ngoten. Ora mung kalian bolo konco tapi sedoyo seng kulo temui nggih mbak.
47.	P	Leh teros ten pagelaran ngoten niku yo guyonan ngoten pak?
48.	I	Inggih mbak, mboten seng piye-piye, kulo niku kaleh sinden kaleh niyogo yo guyonan teros mbak, kabeh dadi siji. Dadi fokuse niku piye carane gae masyarakat juga ben seneng terhibur kalian kita.
49.	P	Menumbuhkan mood/suasana perasaan panjenengan juga nggih pak?

50.	I	Iya mbak, sak niki sinden kui enom-enom mbak sak sampean ngono. Lah mangkeh nek campursarinan tak kon joget kendange jaipong ngono, nggih mangkeh penonton cek ketok seneng ngono kui. Teros babagan pedalangan iku raono ati seng wah aku serik karo kae, aku serik mboten nate. Soale nek coro ilmu Jowo utowo istilahe Jowo nggih mbak roso pangroso iku dienggo maknane ngene mbak roso ku tak parakke rasane wong liyo, upamane aku ngomong sengak lah teros upamane wong liyo ngomong sengak neng aku rasane piye.
51.	P	Sepurane pak, saget dicontohkan dalam realitanya?
52.	I	Contohe ngene mbak kulo iku ngapusi uwong lah nek kulo diapusi uwong iku piye. Sadar mbak, seng penting iku sadar. Disiplin yo kudune disiplin, tepat waktu tanggung jawab. Kulo nek ngei contoh kaleh niyogo yo kudune disiplin. Misale mangkat jam semene yo kudune mangkat. Kulo kan yo pemimpin mbak, nah dadi pemimpin yo kudu tanggung jawab. Semisal ono anak buah kulo seng sakit yo kudu tak berobatno. Biasane do ngomong mbak pas kroso awak e rakepenak.
53.	P	O dadi ya saling peduli ngoten nggih pak, dadi nganggepe jenenganipun nggih seperti bapak sendiri ngoten nggih pak?
54.	I	Inggih mbak. Wonten pas niku kulo mpun gadah rombongan trus ten mriku ujuk-ujuk wonten niyogo seng nonton misal loro opo telu ngono kulo nggih matur kalian niyogo kulo ngongkon ojo oleh bali niyogo wou ben mangkeh balik e sareng-sareng kene. Lah mangkeh isuk pas balek bareng niku raketang tuku-tuku rokok opo wedang niku nggih tak paringi. Lah niku rasane wong urep mbak. Lah kulo niki nate mbak pentas ten Jeporo, zaman kulo seng diarani moro mancal. Lah moro mancal kui tegese kulo mung dipanjeri tok kaleh gowo sinden, niyaga ne seng mundut wong mriko. Lah ono sekitar telu niyogo kui arep muleh. Lah kulo takok i mbak "loh mas jenengan kok mboten nderek salin ngopo?" lah mas e do jawab " lah pripun pak wong ngendikane niyogo ten mriku niku mpun cukup pak, lah kulo dikon muleh." Lah teros tak omongi mbak "jenengan sedoyo mboten usah muleh, melu naboh neng kene, ko esok seng bayar aku." Lah kulo umpamake ten ati kulo, lah iyo iku mou lungone nek ora nduwe det nggo umbalan kan digolekno utang bojone teros esok disauri. Leh teros bali mboten sido nabuh, lah mboh rasane kepiye ngono ra mbak.
55.	P	Lah nggih yo pak, mpun ten lokasi malah dibatalkan ngoten nggih pak yaallah.
56.	I	Lah nggeh mbak teros tak kon temetep ten mriki mengko esok seng nanggung aku. Lah niku jenenge bijaksana mbak nek coro kulo. Berarti ojo gawe loro atine uwong. Ngono iku tak parakke ten awak kulo dewe mbak. Kulo nulung mesti bakale sok dikei berkah kalian Gusti Allah, iku seng tak terapke neng kehidupane kulo. Tetepo dadi wong seng apek seneng nulung mbak.
57.	P	Inggih pak leres.
58.	I	Kulo niku mpun sepuh mbak kelahiran 59 tapi iseh ketok seger sehat ra mbak. (Saya itu sudah berumur mbak kelahiran 59 tapi masih kelihatan seger ra mbak.)
59.	P	Loh leh seumuran kalian mbah kulo pak.
60.	I	Lah nggih mbak, nek sampean yo saumuran putune kulo ngoten to mbak. Dadi wes sepuh ngene iki yo omong sak omong, mlaku sak kecak ben ditiru wong-wong lah niku dalang mbak. Nek kulo ngandani apek kan mesti ditiru wong do apek ra mbak. Nek wes tuo kok ngomonge anggeran yo malah ora diajeni, bener to mbak.
61.	P	Inggih pak. Sedoyo ucapan pancen perlu dijaga nggih.
62.	I	Lah nggih mbak. Selain niku kulo ten mriki ya mpun dituake. Maksute niku misal ono wong meh mantenan golek dino ten kulo saget, utowo dados pembicara ten mantenan.
63.	P	Saget ngoten juga ya pak.
64.	I	Iya mbak, nek coro wong kuno iku guru nujum mbak. Nggih mbak sedoyo niku yo kados Gusti Allah mbak, nek gusti Allah mboten kerso yo kulo mboten saget. Dalang nggih ngoten mbak, yo nuturi wong-wong yo awak e dewe. Dadi wong nonton kui kudu entok

		sangu, dudu sangu duet mbak tapi ilmu seng dimaturake kalian dalang niku wou selama pertunjukan. Dadi tontonan wou mboten sekedar tontonan namun angsal tuntunan.
65.	P	Nek tentang kejujuran pak, niku seberapa penting kejujuran bagi panjenengan misal dari angka 1-10 ?
66.	I	Nek ngoten ya 10 mbak, soale nopo menungso kui seng dicekel jujure kepercayaane ra mbak. Nek penggane ngapusi yo raono seng ngandel opo ngejob awak e dewe ra ngoten mbak.
67.	P	Betul pak, nopo meneh sebagai dalang ya pak. lah pripun jenengan menerapkan kejujuran dalam kehidupan sehari-hari?
68.	I	Nek iku soko orang terdekat sek mbak, misal neng bojo nggih selalu jujur babagan opo wae, kalian bolo konco nggih ojo ngapusinan yo kalian wong-wong liyane pisan. Ngene mbak, nek kulo tiyange kok ngapusinan rak mesti raono seng ngelem mundut kulo dados dalang mbak.
69.	P	Inggih ya pak, wong sampe saniki tesih dados dalang kok ya.
70.	I	Lah nggih kan mbak.
71.	P	Nopo seng gawe panjenengan merasa bangga menjadi dalang (pelestari wayang kulit)?
72.	I	Dadi dalang kui ora kabeh uwong mbak, makane kulo bangga meskipun niku turunan soko bapak kulo nggih tapi dados wong seni iku puwenak mbak. Hidup niku seni dadi nek iso yo suatu anugrah. (Jadi dalang itu tidak semua orang mbak, makanya saya bangga meskipun itu keturunan dari bapak saya ya tapi jadi orang seni itu enak mbak. Hidup adalah seni jadi kalau bisa ya suatu anugrah).
73.	P	Betul pak, meskipun mpun wonten darah seni nek mboten ditelateni dipelajari nggih mboten saget berkembang ya.
74.	I	Lah betul mbak. Soale ya sedulur kulo kan katah tapi mboten sedoyo nggih saget jaya yo mbak.
75.	P	Inggih pak. lah niku wonten momen khusus dalam perjalanan panjengan sebagai dalang sehingga dadek ke panjenengan merasa bangga?
76.	I	Lah mou mbak kulo juara dua dalang remaja se-Jawa Tengah kalian niku ternyata kulo saget 30 malam full pentas mbak.
77.	P	Nggih pak ya. Misal ngeten pak, enten generasi muda niku tertarik kalian perwayangan lah perasaane jenengan pripun pak?
78.	I	Loh ya seneng mbak, kagum. Soale nopo, wayang niku unsure soko sunan kalijogo. Dadi coro sunan kalijogo niku wong-wong seng gampang masuk islam niku siji lewat gamelan, dikei pitutur wayang. Wayang kui ringgit maknane barang miring kudu dianggit, dianggit iku dibatin, opo toh iku. Lah biasane ten wayang kan wonten golek, iku tegese golekono intine pewayangan mou. Lah kados gamelan, gamelan iku karangane kanjeng sunan kalijogo. Wonten nopo sih ten gamelan? Gamelan niku unsure soko unsur Islam, gamelan iku sak pengagem patete ono telu: nek iseh sore iku patet 6, mengko nek tengah wengi patet 9, nek pajar 2. Dadi nek ditotal kui ono 17. Karepe sunan kalijogo niku nek wong seng masuk Islam kui 17 rekaat sedino suwengi kui mou ojo nganti ditinggal. Lah suarane gong mesti a ning, nong, gung. Lah ning kui ngenengake cipto, gung kui muh agung. Contoh meneh sampean sholat moco takbir "Allahuakbar" mesti pikiran kudu bening, seolah-olah niku seng ten atine jenengan kui pengeran. Nek ati diisi karo pengeran, arep tumindak elek ora wani mbak. Ala bizikrillahi tatmainnul qulub: wong seng eling karo pengeran, atine dadi tentrem. Dados tumujune ten masyarakat nggih ngoten iku.
79.	P	Masyaallah nggih pak, ten pewayangan niku sedanten wonten mankane. Kalo sebagai seorang dalang (pelestari budaya wayang kulit) kelebihan dan kekurangane panjenengan niku nopo pak?
80.	I	O niku pancen niku lampahe menungso mbak. Manusia iku ada kelebihan dan kekurangan. Iku tidak bisa dikatakan. Entuk e tidak bisa dikatakan yo karena menungso

		kui kurang luweh, yo ono kekurangane yo ono kelebihane. Yo istilahipun nek turah yo kudu syukur nek kurang yo kudu syukur. Yo ono mbak, aku dikon dalang pirang-pirang bengi pancen rasane awak kui rapenak mbak, niki ngeluh mbak tapi wes kewajiban wes ditanggap wong kae mongko aku gae senenge kae dadi awak rasane koyok kepiye yo tetep kudu menghibur. Nek ngantuk raiso mbak.
81.	P	Loh kenopo kok mboten iso ngantuk?
82.	I	Lah dingeti wong akeh i mbak haha.
83.	P	Haha, lah niku saget melek pak?
84.	I	Saget mbak, dari jam 9 malam nganti jam 4 niku pancen piye o yo raiso ngantuk. Lah nek niyogo saget mbak.
85.	P	Lah nek sinden pak?
86.	I	Nggih saget juga. Nek niku misale kok sindene kesel, opo ngantuk ngono iku aku iso ngatur mbak. Kulo ngunekke gong rausah dikendangi kui jenenge sampak. Nah iku ben sindene ngantuk. Nek aku seng kudu ngaso yo lagune seng diakehi. Tapi nek intine pedalangan kui raiso. Soale nek aku ngomong kui do direkam.
87.	P	Menurut panjenengan, seberapa pentingnya kemampuan untuk menilai dan mengoreksi kelemahan diri ya pak?
88.	I	Nek iku ya penting juga mbak, tiyang nek saget introspeksi diri utowo mengoreksi diri sendiri iku apek mbak. Cek dadekno tiyang seng ora sombong mbak.
89.	P	Nate dikritik nopo mboten pak pas waktu pertunjukan wayang kulit niku?
90.	I	Nek sak retiku mboten nate mbak, cuma nek di batin opo diomong neng mburinan mboh ya mbak rareti. Ngene mbak nek wong seneng yo muni apek, nek raseneng yo apik o koyok opo yo elek mbak.
91.	P	Pripun panjenengan memberikan hadiah kalian diri sendiri setelah selesai pertunjukan wayang kulit pak?
92.	I	Biasane tilem mawon nek kulo, nek pingin metu yo ngo wisata seng cerak-cerak mbi keluarga. Nek ngo adoh raiso mbak marai tambah kesel, wong karipan kui piye sih kesele ranguati kan.
93.	P	Nopo seng bakale panjenengan lakukan ketika menghadapi suatu kegagalan dalam pelestarian wayang kulit?
94.	I	Nek ono kegagalan ya mbak emang kudu digoleki penyebab gagal kui mou nopo. Contohipun naliko pentas kok wonten seng kurang utowo wonten problem ya kui mou digoleki probleme ten pundi. Sakwise niku nek sampun nemu mencari solusi untuk memperbaiki, mboten malah terpuruk.
95.	P	Lah pripun carane panjenengan memulihkan rasa percaya diri niku?
96.	I	Lek dados tiyang nggih mbak mboten usah membandingkan diri sendiri dengan orang lain, hargai awak e dewe, lakukan hal-hal apapun seng disenengi mbak.
97.	P	Seng gawe panjenengan nyaman dengan diri sendiri karena peran sebagai dalang (pelestari budaya wayang kulit) niku nopo pak?
98.	I	Kan mpun kulino ya mbak ningali bapak seng juga dalang, dadi nyaman-nyaman mawon. Kalian darah seni niku mpun mengalir ten kulo mbak.
99.	P	Nggih pak, mpun terbiasa kalian pewayangan saking bapak e panjenengan nggih pak. lah niku pak, upaya apa saja seng panjenengan lakukan untuk menunjang pelestarian wayang kulit?
100.	I	Sangking keluarga riyen nggih mbak niku pancen sampun tak kenalke kepiye bogaene bapak e, teros niku lah kulo ndalang nggih mpun sebagai upaya kan mbak. Ono meneh nek saiki kui anak ku ono seng melu teros direkam di upload ten sosmed ngono mbak.
101.	P	Sepurane nggih pak, kulo bade tangklet yang bagian wayang niku unsure soko sunan kalijogo terkait gamelan patet-patet niku pak. Nek kagem jenengan pripun dampak e ten jenengan nggih ?

102.	I	Wah nek kulo ya mbak, niku kan babagan Islam yo nah soko cerito kasebut saget dadoske contoh ten kulo dalam menjalani keseharian. Dadi menungso kui mbak kudu nglakoni kewajibane yaiku ngibadah terutama umat islam nggih wong niki bahase Islam. Selain iku mou yo saget dadekno sebagai roso syukur mbak, syukur saget diparingi sehat, job mlaku teros, iso dadi seniman, iso nyukupi kebutuhan wes pokokmen syukur. Lagian nek dadi menungso kui yo mbak ora oleh sombong angkuh ndak marai keno angkara murko. Wes nggur seng nrimo, seng penteng awak e dewe usaha riyen mengko kabeh-kabeh kepiye ne urusane gusti Allah. Kabeh kan gadahe gusti Allah ya mbak, dadi ya iku mou seng nrimo, seng ikhlas ben urep ayem tentrem
103.	P	Oalah nggih pak, nek berkaca dari cerita pewayangan semar pak niku pripun?
104.	I	Lah nek kyai semar kui wong apek mbak, nah salah sijine tokoh seng tak contoh ya iku kyai semar mbak. Kepemimpinane sae mbak, tiyange kui digambarno becik, sederhana, rendah hati, seneng tetulung. Makane iku mbak kulo mpun tau ngendiko nggih nek dalang kui mboten mung nuturi penonton tapi juga melu sinau kan yo. Yo nuturi wong-wong yo nuturi awak e dewe. Patut iku mbak nek nyontoh kyai semar. Opo meneh sebagai seniman kui emang seharuse nduweni sifat rendah hati mbak.
105.	P	Sepurane pak nggih, kalau untuk gaji bagaimana nggih?
106.	I	Loh gaji ya mbak, setiap main iku benten-benten mbak. Di delok soko lokasine, acarane nopo ngoten mbak.
107.	P	Nek niku sekitare pinten nggih pak
108.	I	Nek kulo niku sekitar 4-6 jutaan mbak sekali main. Tapi ya iku mboten mesti. Nggih ngoten dalang liyane yo ora do podo. Iku pas aku iseh jaya-jayane ya mbak.
109.	P	Lah niku dari awal terjun atau mboten pak?
110.	I	Berproses ra mbak, kae pas awal-awal yo iseh sitik, mboten sek ileng kok mbak kayak e nggih sekitar 10.000-35.000 an ngono loh. Tapi nek zaman kae semono kui wes akeh loh. Terus berproses munggah-munggah ngono yo dadi semono mou.
111.	P	Dengan gaji segitu apakah bisa untuk kebutuhan pak?
112.	I	Iso mbak, yo masuk kategori cukup lah. Iso nggo nyukupi kebutuhan-kebutuhan yo gae ndalangku juga. Wes tau tak sanjangke ya mbak nek kulo yo saget ngibadah haji to. Alhamdulillahe mbak, siji seng penteng neng seni kui ikhlas lan diakehi syukure. Rejeki mengko ono-ono dewe mbak. Seni ya ngene iki, ora nentu setiap bulanne tapi iso nggo nyukupi kebutuhan.
113.	P	Lah kalau kurang pak?
114.	I	Alhamdulillahe mboten nate kurangan sih mbak, mesti ono dalane kui mou rejeki. Seni niku seng penteng ngabdine, rasa tanggung jawabe neng seni, keikhlasane lah iku seng dadikno seniman kui selalu ada rejekinya. Hidup dalam seni kui ora seng sitik-sitik arto mbak, tapi ngabdi ne, keikhlasane.
115.	P	Jadi itu yang menjadikan panjengan bisa se nrimo iku sebagai dalang pak?
116.	I	Inggih pak, mboten sedoyo niku diatur sitik-sitik duit. Ke ikhlasan hati, kedamaian, kepasrahan mou.
117.	P	Oalah nggih pak, cukup sementen matursuwun nggih pak mpun purun diwawancarai. Sepurane mpun ganggu waktune panjenengan nggih.
118.	I	Inggih mbak sami-sami. Mugio barokah nggih mbak, seng semangat entuk e kuliah.
119.	P	Inggih pak. Kulo pamit riyen nggih.
120.	I	Sumonggo mbak.

Transkrip Wawancara Informan 2

Nama/inisial : B

Tempat, tanggal lahir : Demak, Juli 1995

Jenis kelamin : Laki-laki

Usia : 29 tahun

Alamat : Demak

Pekerjaan : Sinden (waria)

Tanggal wawancara : Demak, 21 Juli 2024

Keterangan

Peneliti : P

Informan : I

Hasil wawancara

No.	Ket	Verbatim
1.	P	Assalamualaikum mas, sebelumnya perkenalkan nama saya Fitrianingsih, mahasiswi dari program studi Psikologi UIN Walisongo Semarang. Maksud kedatangan saya itu ingin melakukan penelitian mengenai skripsi saya yang terkait analisis penerimaan diri dalam konsep *nrimo ing pandum* pelestari budaya wayang kulit mas. Sebelumnya apakah mas bersedia?
2.	I	Waalaikumsalam mbak, iya silahkan
3.	P	Terima kasih ya mas. Kalau boleh tahu sudah berapa lama menjadi sinden ya mas?
4.	I	Sekitar 9 tahunan mbak
5.	P	Boleh minta tolong diceritakan *asale pripun kok saget dados* sinden mas?
6.	I	Awale iseng-iseng mbak hehe.
7.	P	Loh kok iseng-iseng mas?
8.	I	Iya mbak memang awale iseng-iseng eh malah dadi ladang penghasilan.
9.	P	Lah piye perasaane sampean mas nek wes ngono iku?
10.	I	Seneng mbak, ndek kae penggane disepelekno eh alhamdulillahe saiki wes ora.
11.	P	Disepelekno? Emange sopo mas seng nyepelekno?
12.	I	Yo ono akeh.
13.	P	Asale kepiye mas kok iso sampe disepelekno ngono?
14.	I	Biasa mbak nek wong raduwe leh ancen dikonokno noh. Ndek kae ekonomiku rendah banget mbak, makane do nyepelekno aku. Nek saiki do moro golek utang haha.
15.	P	Iya mas, boleh diceritakan dari awal kepiye kok iso dadi sinden dan sampe disepelekno ngono iku?
16.	I	*Haha iyo mbak. Kae aku ki melu koncoku ngo wayangan. Lah pas nembang iku aku nyumbang lagu mbak. Bar iku dikomen koncoku nek suaraku apik lan cocok nek dadi sinden. Tapi iku mung tak anggep guyonan mbak. Eh malahan sesok e meneh pas kumpul mbi koncoku iku di rekomendasikno kon melu kursus nyinden. Aku kaget iku tapi ngger tak coba. Sebelum iku aku ya tau melu ekskul neng sekolahan babagan wayangan sih mbak, yo mbi koncoku iku mou. Cuma karna ekonomi dadi aku rawani lanjutno iku. Aku ndek omah mung ngaritno nggo ingonanku. Teros dituturi koncoku*

		nek sopo ngerti nyinden iso gae tambah-tambah keuangan. Teros ya iku aku melu koncoku setiap dee ngo wayangan. Alhamdulillah job terus ono sampe iki. Wong-wong nek ngarani ya sinden bencong mbak.
17.	P	Sinden minoritas ngono tah mas?
18.	I	Hehe iya mbak, iku Bahasa aluse. Lah nek wong ndeso yo ngaranine sinden bencong mbak
19.	P	Lah sampean diuneni ngono kepiye perasaane mas?
20.	I	*Yo rapopo mbak nrimo wae, ancen wes dalane. Seng penteng bogae ku halal, aku rak nyolong ora nglakoni seng elek-elek. Teros tujuanku yo siji berkarya seng ke loro emang ekonomi yo mbak*
21.	P	Nggih ya mas. Lah keluarga merestui pora mas?
22.	I	*Nek bojoku ngono rapiye-piye mbak, nrimonan wonge. Penteng tak kei blonjo wes seneng mbak. Seng protes kui malah morotuo ku mbi tonggo-tonggo mbak. Tapi bar aku sukses, oleh koyo iso bahagiakno bojoku mbi berbagi sitik karo tonggo teparo wes do nompo apek-apek mbak.*
23.	P	Berarti asale di bully ngono mas karena profesine sampean?
24.	I	*Heem mbak, untunge mung bully an omongan sih. Yo karena aku dadi sinden banci iku. Lebih tepate di diskriminasi mbak.*
25.	P	Lah perasaane sampean pripun mas ngono iku?
26.	I	*Pas awal-awal ya rodok loro ati mbak, tapi kan iku pilihanku ya. Dadi tak anggep kui cobaan urepku ngono. Nek aku iso nglakoni kanti sabar berarti bakale drajatku diunggahno gusti Allah. Suwe-suwe ya mbak mengko terbiasa mbi hujatan-hujatan ngono.*
27.	P	*Kenapa mas memilih menjadi sinden waria/minoritas? Kenapa tidak sinden laki-laki saja?*
28.	I	*Rak macem i mbak nek aku nyindene lanang. Tingkah ku seng kemayu, suaraku juga ngene iki pas diasah malah metune wedok maceme dadi sinden wedok mbak. Teros nek di make up i juga pawakanku macem wedok mbak. Aku lebih nyaman ngene iki mbak iso bertingkah sesuai karakterku.*
29.	P	*Berarti selama ini belum mampu mengekspresikan diri sendiri mas?*
30.	I	*Ora raiso, piye yo koyok kurang ekspresif ngono. Ono seng tak empet ngono mbak soale aku ya harus ngaret kan. Tapi jujurly tersiksa mbak menjadi orang lain. meskipun ya sikapku haruse lakik ngono kan ya justru aku malah rak nyaman I nek ngono. Aku lebih suka aku yang sekarang mba, meskipun banyak hujatan tidak ku perdulikan. Yang paling itu berkarya di persindenan dan ekonomi membaik. Ini pilihanku*
31.	P	*Kalau dirumah mas juga seperti itu? Terus istri mas gimana tanggapannya?*
32.	I	*Heem nek anu kemayu nek anu ora tapi saiki luweh akeh kemayune hehe. Lah wong bojoku wes nrimo aku opo onone kok mbak, sedurunge nikah mbi aku kan wes reti nek pekerjaanku emang sinden waria dan bojoku ikhlas nrimo seng penting aku iso nyukupi nafkah lahir batinne. Bojoku wonge pengertian banget mbak, apike poll.*
33.	P	*Ibuk bapak gimana mas?*
34.	I	*Ket cilek emang ibuku memperlakukanku koyok cah wedok mbak, ibuku mbiyen pingine nduwe anak wedok tapi metune lanang, dadi ibuku tidak mempermasalahkannya*
35.	P	*Dan karna itu mas didoktrin ibuk e mas cewek ngono ya?*
36.	I	*Iya mbak, ket cilek juga aworku cah wedok-wedok sisan.*
37.	P	Selain dari keluarga dan orang sekitar, pernah terjadi masalah di lingkungan kerja atau tidak mas?
38.	I	Pernah mbak.

39.	P	Kalau boleh tahu masalahnya apa ya mas?
40.	I	Bayarane telat mbak.
41.	P	Kalau masalah lainnya ada atau tidak mas?
42.	I	Masalah ya, eh iku aku pernah mengalami hal seng rodok memalukan mbak.
43.	P	Boleh tahu apa itu mas?
44.	I	Boleh mbak tapi ojo diguyu ya haha
45.	P	Lah niku sampean mpun guyu mas haha
46.	I	*Eh iyo ya mbak haha. Dadi ngene critane pas iku wayahe balek soko pementasan mbak, lah biasane kui aku bareng koncoku tapi bengi iku aku muleh dewe. Pas perjalanan menuju ngo mobil sek kebetulan parkirku rodok adoh soko lokasi eh malah papasan mbi wong mabuk. Jenenge wong mabuk ya mbak ora sadar eh aku arep di nganu mbak. Wonge rak reti nek aku lanang. Mana di undang cantik-cantik ngono. Teros aku mlayu mbak, lah lali nek gowo kebaya eh aku kebancang teros tibo nyungsep. Aku nanges mbak. Yaallah untunge raono uwong dadi ora sek isen. Kejadian iku pas awal-awal aku nembe dadi sinden, duh rodok trauma sitik tapi dituturi koncoku mbi bojoku teros iso bangkit mbak. Meskipun aku macak wedok ya mbak, pembawaanku kemayu ngene tapi aku iseh normal kok mbak wong yo nduwe bojo harang i.*
47.	P	Yaallah mas, inggih mas kulo ngerti niku kan mung profesionalitas kerja ya mendalami peran.
48.	I	Teros tekan omah diguyu bojoku soale raiku kebek lemah kabeh.
49.	P	Masyaallah mas kulo malah bingung meh guyu opo turut prihatin haha
50.	I	Lah iyo mbak rapopo jenenge wong bogae ya emang ngono iku.
51.	P	Heem mas. Leh selama menjadi sinden rintangan dan tantangan yang dihadapi nopo mawon mas?
52.	I	*Opo ya mbak, mungkin iku suara sih. Harus pinter-pinter jogo kesehatan vokal ya kesehatan fisik mental juga mbak. Mbi iku sebagai seorang sinden harus iso berinovasi dan mengikuti trend saat iki. Dadi tradisional oke, modern yo oke. Harus serba bisa ngono loh mbak.*
53.	P	Inggih mas. Pantes ya sekarang kalo ada pertunjukan wayang kulit itu suka diselingi lagu modern yang lagi trend juga.
54.	I	Nah itu mbak. Luweh gampang nyanyi lagu seng lagi trend timbang gending-gending Jowo asline haha. Tapi luweh menantang nyindene mbak, iku nek menurutku ya.
55.	P	Haha iya mas. Kalau boleh tahu mas merasa senang atau tidak sebagai seorang sinden (pelestari budaya wayang kulit)?
56.	I	*Jujur ya mbak, aku luweh seneng profesiku seng saiki, meskipun enggak seberapa tapi aku iso koyok ngene iki ya karena nyinden mbak. Aku iso ngehibur wong-wong akeh karo tingkah lakuku, ngono iku melok dadi seneng mbak nek wong-wong seng tak hibur do guyu. Tandane aku berhasil, walau dibalik iku aku entok suit-suit opo omong-omong seng rak penakno ati.*
57.	P	Berarti ada pekerjaan lain mas?
58.	I	*Ada mbak, aku nduwe ternak kebo mbak dadi ya bendinone ngarit ndek kae pas hurong nyinden. Nek iki pas ono waktu senggang aku ngarit, nek sibuk nyinden ya ngongkon uwong mbak.*
59.	P	Oalah, lalu kenapa lebih ngutamain nyinden dibandingkan ternak mas? Bukannya lebih menjanjikan ternak ya mas?
60.	I	*Itu kalau yang ternak e banyak mbak. Lah nduweku mung loro tok i, iki nembe proses nyelengi ben iso nambah meskipun mung wedus mbak. Nah ben nambah yo nyambut gawe soko liyone dan aku milih nyinden. Syukur alhamdulillah mbak job ono teros.*

		Perlahan ekonomiku iso membaik mbak. Lah nek ternak kan fleksibel ya waktune, sedangkan nyinden ono jadwale mbak. Makane iku nyinden tak utamakan. Selama aku jadi sinden masih ikut teman aku mbak, tapi pas onok seng ngejob dewe teros jadwalku kosong ya tak terimo contohe dadi cucuk lampah ngono mbak.
61.	P	Oiya ya mas, apakah mas merasa bersyukur karena bisa di kondisi sekarang ini?
62.	I	*Loh nek iku yo jelas bersyukur mbak. Ekonomi membaik sehingga keluarga bisa berkecukupan. Wes bersyukur banget, meskipun kadang iseh di cemooh goro-goro dadi banci ya wes mbak anggep wae iku pacobane urepku.*
63.	P	Inggih mas alhamdulillah ya, makna syukur bagi mas sendiri itu apa ya?
64.	I	*Bersyukur atas nikmat seng diparingi gusti Allah mbak, apapun bentuknya itu tetaplah diterima dengan ikhlas. Sitik akeh disyukuri cek berkah mbak.*
65.	P	Bagaimana mas mengekpresikan rasa syukur atas warisan budaya wayang kulit dalam kehidupan sehari-hari?
66.	I	*Nganu dengan terus belajar nyinden dan mengamalkannya atau ngandani reng masyarakat tentang pentingnya menjaga dan melestarikan warisan budaya wayang kulit*.
67.	P	Apakah selama menjadi sinden (pelestari budaya wayang kulit) mas sudah menerapkan sikap *ora ngoyo*?
68.	I	*Kadang ngoyo kadang ora, tergantung kebutuhan sih mbak*
69.	P	*Kebutuhan seng piye seng gae mas ngoyo dan rak ngoyo?*
70.	I	*Piye yo mbak, emm.. aku bakal ngoyo nek kudu tuku seng larang-larang tapi nek raono seng tak kepingini yo wes sak mlakune wae sih mbak.misale koyok aku pingin tuku tanah ngono loh mbak kui rodok ngoyo tapi kan mengko ono hasile. Dadi misalo awakku sek kesel yo rapopo penting kepinginanku terpenuhi.*
71.	P	Kalau boleh tahu apa yang ingin dicapai dengan *ngoyo* itu mas?
72.	I	*Pingin gawe usaha kanggo bojoku mbak, maksud e nggo jogo-jogo sangu tuo atau kemungkinan-kemungkinan seng diluar perkiraane kene mbak. Pingine dadi sinden selawase mbak tapi nek gusti Allah ngei dalan liyo kan yo rareti mbak. Dadi mikirku ya gaekno gawean nggo bojoku sopo reti sok mben berguna.*
73.	P	Bagi mas, seberapa pentingnya kesederhanaan itu dalam kehidupan? Terutama sebagai seorang sinden (pelestari budaya wayang kulit).
74.	I	*Penting banget mbak. Kalian hidup sederhana neng ati rasane ayem mbak. Pingin iki oleh pingin iku yo oleh, cuma lebih baik memprioritaskan seng penting-penting sek. Nek wes ngerti ngendi seng dadi prioritas ya mbak mengko bakale urep kui ayem. Selama dadi sinden ya ngono iku sih mbak seng tak terapno neng urepku, kabeh ono wayahe tapi emang utamakan seng nggo sangu mengarep.*
75.	P	*Pripun carane sampean* mengekspresikan wujud hidup sederhana selama menjadi sinden (pelestari wayang kulit)?
76.	I	*Nggur ngalir wae sih mbak, nek meh tuku-tuku ya seng sesuai kebutuhan ngono. Misal meh tuku seng diluar kemampuan ya sek nabung dulu.*
77.	P	Seberapa penting kejujuran buat mas? Misal dari angka 1-10 itu berapa ya mas?
78.	I	*10 mbak. Saya sangat menjunjung tinggi kejujuran, karena diapusi kui rak kepenak mbak. Loru ndek dodo.*
79.	P	*Bener mas, rasane loru banget.*
80.	I	*Lahyo ra mbak. Pas iku aku tau entok job ya mbak tapi pas hari H aku meh mangkat malah dibatalno, dan pas hari iku sebenere rame-ramene job mbak. Emboh iku apes ku kayak e mbak. Yaallah rasane rak mood kabeh.*
81.	P	Yaallah mas aku ngerti piye rasane dikecewakan.
82.	I	Lahyo a mbak, ngono mbok an adoh-adoh dino ya. Tapi jenenge awak lagi apes ya ancen ngono iku iso ne mung yaallah yaallah astaghfirullah.

83.	P	Heem mas, bagaimana mas terus menerapkan kejujuran dalam kehidupan sehari-hari?
84.	I	*Dimulai dari pasangan ya mbak, gaada yang saya rahasiakan dari istri saya. Semua yang terjadi pada diri saya ya diceritakan ke istri. Kalo dikerjaan saya terus berusaha untuk jujur apa yang saya rasakan sih.*
85.	P	Kalau tantangan terbesar dalam bersikap jujur ketika menghadapi kritikan dari penonton wayang kulit itu apa mas?
86.	I	*Nek bagiku ya mbak tantangan terbesare kui harus iso nyeimbangno antara performa diri sama kepuasan penonton. Aku yo tau loro ati nek krungu omongan seng nylekit, johh prehane aku sinden banci mbak teros penonton do semena-mena. Wajar kan mbak wong aku ya podo menungsane kok ya.*
87.	P	Inggih mas aku ngerti perasaane sampean kepiye.
88.	I	*Lahyo mbak, iso ku mung nrimo karo sabar pancen kui risiko ne kerjonanku. Pokok soyo suwe omongan seng elek nggur mlebu kupeng tengen metu kuping kiwo.*
89.	P	Iya mas, lalu apa yang membuat mas merasa bangga menjadi sinden (pelestari budaya wayang kulit)?
90.	I	*Opo ya mbak akeh sih, dengan dadi sinden iso melu melestarikan dan menyebarluaskan budaya ne kene mbak. Selain iku ya iso menghibur penonton, ngene ya mbak sebagai seorang sinden nek penonton merasa puas dan terhibur iku suatu kebanggaan tersendiri. Ono meneh, iso menguasai teknik vokal yang khas Jawa seng ora kabeh uwong iku iso.*
91.	P	Apakah ada momen khusus dalam perjalanan sebagai sinden (pelestari wayang kulit) yang membuat mas merasa bangga?
92.	I	*Ono mbak, pas iku aku melu event seng neng kono isine wong opo sih jenenge pokoke jam tayange duwur-duwur ngono loh mbak. Kek aku seng iseh neng ngisor ngene suatu kebanggaan iso awor dan bertemu orang-orang hebat iku mbak. Selain iku, bagiku iso nyinden iku suatu kebanggaan mbak. Ngerti dewe to asline aku lanang dan mayoritas sinden iku wedok, teknik vokalku iso semumpuni iku loh wes kebanggaan kanggo awakku mbak.*
93.	P	Iya mas betul, multitalen ya jenenge. Emang iku harus dibanggakan mas.
94.	I	Lah iya mbak, nek masalah cemoohan wes pikir keri mawon mbak.
95.	P	Betul mas, seng penteng awak e dewe ora merugikan orang lain.
96.	I	Lah iya kan mbak.
97.	P	Bagaimana perasaanne sampean ketika melihat generasi muda yang tertarik untuk melestarikan budaya wayang kulit?
98.	I	Seneng banget mbak. Sudah semestinya generasi muda kui melu melestarikan budaya ne dewe. Nek ora kita yo sopo meneh, ndak ngono a mbak.
99.	P	Sebagai pelestari wayang kulit, kekurangan dan kelebihan mas itu apa saja ya?
100.	I	*Nek kekurangan ku ya akeh mbak, wong aku kui mung manusia biasa haha.*
101.	P	Iya mas, saya juga punya kalo itu haha.
102.	I	*Nah iya kan mbak haha. Jadi gini, selama menjadi sinden kekurangan saya itu di bagian make up mbak. Saya harus belajar tentang make up lagi, sama meskipun untuk suara saat ini sudah mumpuni tapi tetap harus belajar lagi mbak. Kalau kelebihan saya, mampu untuk menarik perhatian penonton dan melawak juga selain nyinden. Itu saja mbak, takut saya besar kepala haha.*
103.	P	Adakah langkah yang diambil untuk mengoreksi kelemahan mas itu?
104.	I	Iya ada mbak tadi yang udah saya katakan kalau harus tetap belajar sepandai apapun kita.
105.	P	Menurut mas, seberapa pentingnya kemampuan untuk menilai dan mengoreksi kelemahan diri?

106.	I	*Cukup penting mbak, hal itu agar tidak menjadi pribadi yang sombong, rendah hati namun tetap percaya diri.*
107.	P	Apa motivasi bagi mas untuk terus berusaha memperbaiki diri sebagai sinden (pelestari budaya wayang kulit)?
108.	I	Kepuasan penonton, upgrade persindenan, sama senantiasa ikut andil dalam pelestarian wayang kulit mbak. Yang utama itu emang kepuasan penonton mbak karena tugas utama sebagai sinden itu menghibur penonton. Itu motivasiku ya mbak, *nek* orang lain ya beda lagi.
109.	P	Mas itu terbuka sama kritikan-kritikan orang lain atau enggak ya?
110.	I	*Iya mbak, apapun kritikan yang ditujukan buat saya ya tak terima mbak.*
111.	P	Lalu, selama menjadi sinden (pelestari budaya wayang kulit) pernahkah anda mendapat kritikan?
112.	I	*Pernah mbak, baik yang positif maupun negatif. Apalagi kalo melihat aku yang jadi sinden banci, itu melekat banget sama kritikan.*
113.	P	Cara mas menanggapinya gimana ?
114.	I	*Tergantung mbak, itu kritikan membangun atau enggak. Kalo membangun atau positif ya tak jadikan semangat untuk kedepannya tapi kalo negatif atau lebih ke hujatan ya tak saring dulu sama dijadikan untuk introspeksi diri.*
115.	P	Pernah sakit hati enggak dengan kritikan negatif?
116.	I	Pernah *noh* mbak, kan aku *yo podo* manusia biasa.
117.	P	Kritikan seperti apa yang membuat mas merasakan sakit hati?
118.	I	*Pokoknya yang disangkutin sama keluarga mbak terutama istri, dan orang tua. Kalo saya pridadi yang di kritik atau dihina mah gapapa udah kebal, namanya juga berkecimpung di dunia hiburan tapi kalo udah ke keluarga sakitnya bukan main sih. Tetep ngambil tindakan mbak.*
119.	P	Okey mas, saya paham gimana rasanya kok. Pernahkah mas mengambil keputusan sepihak untuk vakum sebagai sinden (pelestari budaya wayang kulit) ketika mendapatkan kritikan yang negatif?
120.	I	*Loh hee pernah mbak, yaallah itu hal terfrustasi ku sih. Untunge ada ibuku dan teman yang nyemangatin untuk bangkit. Itu terjadi pas awal-awal aku berkarir, jenenge lagi terjun kan emang cobaane akih ya mbak. Seng tak nggo kekuatan mbi motivasi ya iku istri dan orang tua ku mbak, serta dukungan dari temen. Makane sampe iki iseh mampu bertahan*.
121.	P	Iya mas alhamdulillah ya dikelilingi orang-orang baik yang selalu mensupport.
122.	I	*Betul mbak, bersyukur banget mbak. Dadi sinden emang ora semudah membalikkan telapak tangan mbak meskipun awale aku mung iseng-iseng. Jenenge wes mlaku setengah ndalan ramungkin noh mbalek ngo mburi. Dadi ya dihadapi mbi dilakoni wae apapun seng terjadi neng ngarep. Ingat mbak, semua pasti berlalu.*
123.	P	Heem mas, kabeh mpun diatur kalean gusti Allah. Untuk saat ini masih banyak yang membantu mas melestarikan budaya wayang kulit atau enggak mas? Seperti dari generasi mudanya gitu?
124.	I	Wah banyak mbak kalau sekarang ini, generasi muda sudah banyak yang meminati wayang kulit. Mulai dari sinden, nayogo, dalang pun juga ada. Yang jadi partner kerja saya banyak kok mbak yang masih muda.
125.	P	Misal suatu saat mas mengalami kegagalan atau kemunduran dalam pelestarian wayang kulit, apa yang mas lakukan?
126.	I	Apa ya mbak mungkin mencari dulu penyebab kegagalan pelestarian wayang kulit, yang mungkin bisa saja dari kita sebagai pelestari yang kurang kreatif dalam sosmed atau penampilan kita yang kurang inovatif dan mengikuti trend gitu. Kalo sudah, melakukan analisis, evaluasi dan perbaikan dengan menginovasinya.

127.	P	Bagaimana mas memberikan reward/hadiah pada diri sendiri setelah selesai pertunjukan wayang kulit?
128.	I	*Quality time mbi istri mbak, nek rak ngono yo turu sedino haha.*
129.	P	Apa yang membuat nyaman pada diri sendiri karena peran sebagai sinden (pelestari wayang kulit)?
130.	I	*Mungkin selama dadi sinden entokku jalani kui dengan ikhlas, enjoy, dan entok dukungan soko istri dan orang terdekat mbak. Teros juga kan nek dadi sinden kui mesti krungu alunan musik atau gamelan, nah iku seng dadekke nyaman iso relaks*.
131.	P	Upaya apa yang mas lakukan untuk menunjang pelestarian wayang kulit?
132.	I	*Selain nyinden offline, onok juga lewat sosial media koyok IG, Youtube, facebook, dan sejenise.*
133.	P	*Mas pernah bertanya pada pada diri sendiri nggak?*
134.	I	*Maksudnya mbak?*
135.	P	*Seperti bertanya kenapa mas memilih jalan ini? Bukan jalan senormalnya saja?*
136.	I	*Pernah mbak tapi menurut ku ya aku luweh nyaman seperti ini mbak dalam mengekspresikan diri. Dari aku nggak perlu dadi wong liyo. Lakyo paling enak jadi diri sendiri toh mbak.*
137.	P	*Iya mas, lalu apa pernah berpikiran untuk menjadi laki-laki seutuhnya? Pekerjaan yang normal seperti umumnya?*
138.	I	*Lah ini kan aku juga laki-laki mbak hehe*
139.	P	*Eh iya mas maksud saya*
140.	I	*Iya mbak aku paham kok. Nek iku sama seperti jawabanku mou mbak, aku luweh nyaman ngene. Tapi nek pekerjaan sejalannya wae, karena apa mbak jadi seniman kui puwenak, ayem iso nembang-nembang, krungu gamelan yo juga ndek ati kui suweneng ngono. Tapi ya iku mbak harus tetap berpikir ke depan koyok nduwe usaha nggo istriku. Bukanne kepiye ya mbak dadi ngene misal aku prei manggung kui iseh entok penghasilan soko bojoku*
141.	P	*Jadi mas merasa nyaman sebagai seniman tapi tetap mikir pekerjaan sampingan gitu yo?*
142.	I	*Iya mbak betul*
143.	P	*Meskipun dapet diskriminasi mas gapapa?*
144.	I	*Gapapa mbak, nek pas mbiyen yo rak trimo tapi nek saiki wes aman yo goro-goro wes kulino dikonokno.*
145.	P	*Yang harus dikuatkan itu mentalnya ya mas, biar tidak sampai depresi ketika dapet diskriminasi. Tapi fisik juga harus dikuatin juga agar bisa perfom dengan perfect*
146.	I	*Nah iya mbak betul. Aku ya menyadari itu semua mbak, kudune seimbang yokan. Seng penting kui bogae halal, ora ganggu uwong, dan ojo lali selalu bersyukur mbak.*
147.	P	*Mas mohon maaf, saya izin bertanya yang agak sensitif boleh?*
148.	I	*Oh iya mbak gapapa silahkan saja*
149.	P	*Kalau untuk kisaran gaji menjadi sinden itu berapa nggih?*
150.	I	*Oalah yaallah mbak tak kiro opo, jadi nek sinden kui beda-beda mbak dari satu acara di acara yang lainnya. Nek aku ngono mbak, tergantung acarane berapa hari teros lokasine dan acara apa. Kisaranne ya 500.000 sampai 4 jutaan mbak, bisa lebih dan bisa kurang, yo tergantung mou seng tak sebutno. Tapi itu ndak berlaku untuk semua sinden ya mbak, iku mung aku pribadi. Oiya satu lagi untuk gaji itu tidak tetap perbulannya mbak, tergantung banyaknya job yang didapat.*
151.	P	*Dengan gaji demikian, apakah cukup mas untuk kebutuhan?*

152.	I	*Pas awal-awal kui ya sebenare kadang kurang mbak, kan baru meniti karir ya. Namun saya mencoba untuk bersabar, nrimo opo anane. Memang kan kalau baru memulai karir itu penuh perjuangan. Nah dari situ, aku yo lebih mengasah skill ku meneh. Piye carane ben karirku kui semakin naik-naik dan bayaranku juga. Soale nek endak terus berproses yo nggak bakal iso sesukses sekarang iki mbak. pas awal-awal emang merasa nek tidak sebanding sama usaha dan waktu yang di keluarkan. Hurong meneh kostum, perjalanan kan juga ya. Tapi ya untunge ono koncoku seng selalu mensupport mbak, didampingi, dikandani dunia seni kui koyok kepiye. Perlahan aku dadi ngerti terus aku ya seneng kan dadi sinden tur iso melu melestarikan budaya juga. Meski gajine mung semono tapi aku ya pas dilakoni dengan ikhlas kui aku merasa cukup. Satu hal seng penting dalam dunia seni, kepuasan batin dan kepuasan penonton penanggap itu lebih berharga dari pada uang mbak.*
153.	P	*Mas tapi pernah nggak sih merasa kesulitan dalam memenuhi kebutuhan hidup dari penghasilan sebagai sinden kui?*
154.	I	*Ya pernah mbak, dadi ngene nyinden kan musiman yo ora bendino kan. Nah naliko aku sesasi mung nyinden satu atau dua acara bisa menyebabkan ketidakcukupan untuk memenuhi semua kebutuhan. Tapi disini tugas saya harus pinter-pinter mengatur keuangan dengan bijak mbak. Nek nggak gitu selain nyinden kan juga bisa cucuk lampah mbak, lah dari situ juga income ku.*
155.	P	*Kalau masih juga kurang mas?*
156.	I	*Yaallah mbak ya, kan saya juga ternak kan. Nek emang mepet banget keperluanne atau keadaan darurat ya jual ternak. Nek enggak mung urusan makan ya makan seadanya wae mbak. Jadi ngene iki, hidup di seni kui kudu akeh sabare, seng nrimo, ikhlas. Lah rejeki mengko nututi dewe mbak.*
157.	P	Baik mas, saya rasa sudah cukup. Terima kasih sudah bersedia untuk diwawancarai ya dan sudah meluangkan waktunya ya. Mohon maaf apabila ada salah kata atau menyinggung perasaan mas.
158.	I	Iya mbak sama-sama, santai saja ini juga lagi jam istirahat.
159.	P	*Inggih* mas, saya permisi dulu ya. Sukses selalu mas.
160.	I	*Monggo* mbak, semangat penelitiannya ya.
161.	P	Siap mas haha

Transkrip Wawancara Informan 3

Nama/inisial : DL

Tempat, tanggal lahir : Demak, 05 September 1997

Jenis kelamin : Perempuan

Usia : 27 tahun

Alamat : Demak

Pekerjaan : Sinden

Tanggal wawancara : Demak, 21 Juli 2024

Keterangan

Peneliti : P

Informan : I

Hasil wawancara

No.	Ket	Verbatim
1.	P	Assalamualaikum mbak, sebelumnya perkenalkan nama saya Fitrianingsih, mahasiswi dari program studi Psikologi UIN Walisongo Semarang. Maksud kedatangan saya itu ingin melakukan penelitian mengenai skripsi saya yang terkait analisis penerimaan diri dalam konsep *nrimo ing pandum* pelestari budaya wayang kulit mbak. Sebelumnya apakah mas bersedia?
2.	I	Waalaikumsalam mbak, iya mbak *monggo* (silahkan).
3.	P	Terima kasih ya mbak. Baik langsung saja ya. Kalau boleh tahu sudah berapa lama ya mbak itu jadi sinden? Boleh minta tolong diceritakan awal mulanya jadi sinden itu gimana mbak?
4.	I	*Ket kelas 2 SMA mbak, berarti ya sekitar 10/11 tahunan mbak. Ket cilek kui aku seneng gending-gending Jowo mbak cuma ibuku ora setuju nek aku dadi sinden tapi ya bapakku ngijini mbak. Teros pas kelas 1 SMA nyuwun les vokal sinden kalian bapak tapi meneng-meneng mboten kondo ibuk. Soale nek sampe ibuk reti mesti disengeni. Nah mari iku lagi melu wayangan mbak*. (Kalau saya itu sejak kelas 2 SMA mbak, berarti ya sekitar 10/11 tahunan mbak. Dari kecil itu aku senang gending-gending Jawa mbak Cuma ibuku tidak setuju kalau aku jadi sinden tapi ya bapakku mengijinkan mbak. Lalu ketika kelas 1 SMA minta les vokal sinden sama bapak tapi diam-diam tidak bilang ibuk. Karena kalau sampai ibuk tahu pasti dimarahi. Nah sejak itu baru ikut *wayangan* mbak).
5.	P	*Lah alesane nopo mbak kok sampe raoleh dadi sinden*? (Alasannya apa mbak kok sampai tidak boleh jadi sinden?)
6.	I	*Ibukku pingine anak e dadi guru atau perawat mbak, jare sinden kui podo mbi biduan mbak. Ibukku raseneng mbi biduan mbak soale ada kenangan buruk nde keluargane, nganu mbak mbahku kae katut mbi biduan dadine ibukku dadi broken home nek istilahe saiki. Makane ora ngijini aku dadi sinden. Padahal kabeh profesi ya podo. Pikirku kae ya mbak sopo ngerti hobi ku iku iso dadi pundi-pundi uang. Lah alhamdulillahe temenan diijabahi gusti Allah, hobiku ngasilno tabungan bahkan aku ya iso kuliah keguruan mbayar dewe mbak*. (Ibukku inginnya anaknya jadi guru atau perawat mbak, katanya sinden itu sama dengan biduan mbak. Ibukku tidak suka sama

		biduan mbak karena ada kenangan buruk di keluarganya, itu mbak mbahku dulu terbawa (kegoda) biduan jadinya ibukku jadi *broken home* kalau istilah sekarang. Maka dari itu tidak diijini aku jadi sinden. Padahal semua profesi ya sama. Pikiranku dulu ya mbak siapa tahu hobi ku itu bisa jadi pundi-pundi uang. Dan alhamdulillahnya beneran diijabahi gusti Allah, hobiku menghasilkan tabungan bahkan aku juga bisa kuliah keguruan bayar sendiri mbak).
7.	P	Syukur alhamdulillah ya mbak. Kalau sebagai sinden, mbaknya pernah atau tidak terjadi masalah? Dan bagaimana mbak menyikapi masalah tersebut?
8.	I	*Masalah ya akeh noh mbak. Meh ngerti soko ngendi iki?* (Masalah ya banyak mbak. Mau tahu dari yang mana ini?)
9.	P	*Soko keluarga, pertemanan, ekonomi, lingkungan kerja koyoto pas manggung ngono mbak.* (Dari keluarga, pertemana, ekonomi, lingkungan kerja seperti saat manggung gitu mbak).
10.	I	*Oalah iyo, nek soko sisi keluarga ya mou ibuku seng geteneng rak setuju anak e dadi sinden, caraku nyikapi iya angger meneng wae mung tak buktikno nek aku iso sukses soko hobiku nyinden iku. Nek pertemanan, ndek kae di ece mbak bahkan sampe tau dibully juga kek dianggep jual diri yo tau tapi aku mung bodoamat wae mbak sek penting masih neng dalan lurus. Ngerti dewe cah-cah saiki kek piye, akeh sek nganggep nek sinden kui kuno, ketinggalan zaman, byuhh akih meneh uninane tapi ya mung tak jarke. Seng penting kui aku rak ganggu mbi ngrepotno konco-koncoku. Opo meneh mbak pertanyaan mu mou?*(Oalah iya, kalau dari sisi keluarga ya tadi ibuku yang keras kepala tidak setuju anaknya jadi sinden, caraku menyikapi iya diam saja namun ku buktikan kalau aku bisa sukses dari hobiku nyinden itu. Kalau pertemanan, dulu di hina mbak bahkan sampai pernah dibully juga seperti dianggap jual diri ya tahu tapi aku bodoamat mbak yang penting masih dijalan yang lurus. Tahu sendiri kan anak-anak sekarang seperti apa, banyak yang menganggap kalau sinden itu kuno, ketinggalan zaman, dan banyak lagi ungkapane tapi ya kubiarkan saja. Yang penting itu aku tidak mengganggu dan merepotkan teman-temanku. Apa lagi mbak pertanyaan mu tadi?)
11.	P	Dari lingkungan kerja mbak, ketika lagi manggung
12.	I	*Oh iyo. Nek pas manggung kui paling nyebelin pas entok partner seng nyinyiran ngono, sakabehane di komentari opo meneh nek salah lirik mbak ya Allah, tur ngono ngeremehno aku prehane aku sek cilek dewe diantara mereka. Mbi iku nek pembayarane telat yo tau, pas lagi butuh-butuhe eh malah bayaranku rak di kek-kek no.* (Oh iya. Kalau saat mangging itu paling nyebelin ketika dapat partner yang suka nyinyir gitu. Semuanya dikomentari apalagi kalau salah lirik mbak ya Allah, terus gitu meremehkan aku karena aku yang paling kecil sendiri diantara mereka. Sama itu ketika pembayaran telat ya pernah, waktu lagi sangat membutuhkan eh malah bayaranku enggak dikasih-kasihkan).
13.	P	Leh piye perasaanmu mbak lek ngono iku
14.	I	*Ya sebel mbak tapi mau gimana lagi. Pernah juga tiba-tiba di batalin pas hari H mau pertunjukan, apalagi lokasinya jauh mbak. Siapa yang tidak sakit hati ya, bukan apa tapi untuk perjalanan ke lokasi ya butuh uang transport, persiapan diri seperti make up, tata rambut, dll kan butuh biaya ya mbak. Dan satu lagi, aku udah nolak job ditempat lain demi tempat itu tapi malah dibatalin. Dulu kalo masih awal-awal nyinden kek ada perasaan marah, ora trimo mbak tapi semakin kesini ya bisane ya mung legowo, menerima mungkin ini bukan rejeki ku.*
15.	P	Iya ya mbak, namanya dibatalin kan ya. Kalau untuk rintangan dan tantangan yang mbak alami sebagai pelestari wayang kulit itu apa saja mbak?
16.	I	*Apa ya mbak mungkin selain dari ibuk ya hafalin tembang-tembangnya sih sama saya juga harus menahan diri untuk tidak minum yang aneh-aneh atau es gitu sama*

		makannya juga dijaga. Semua orang bisa jadi penyanyi tapi tidak untuk bisa jadi sinden, harus ada gurunya dan teknik-tekniknya gitu, dari cengkoknya saja sudah beda ya kan. Jawa kui unik, jadi bisa menjadi salah satu yang melestarikan budaya jawa itu suatu keistimewaan dan tantangan tersendiri untuk saya.
17.	P	Selain itu mbak, apakah ada lagi?
18.	I	Mengikuti arus perkembangan zaman mbak
19.	P	Maksudnya gimana itu mbak?
20.	I	*Selain mempertahankan keaslian tembang-tembang Jawa ya harus bisa ikut apa yang menjadi trend saat ini mbak. Jadi sinden harus multitalen juga nyanyinya, nggak hanya gending jawa namun harus menguasai lagu yang saat ini sedang trend gitu.*
21.	P	Oalah iya ya mbak, pantes saat nonton pertunjukan wayang kulit ada sinden yang nyanyiin lagu yang lagi trend ya.
22.	I	*Nah iyakan, yang paling berat itu dari diri sendiri sebenarnya. Numbuhin mood bagus agar bisa tetap menghibur penonton. Pokoknya fokusnya itu hanya bagaimana caranya menghibur penonton.*
23.	P	Kalau makna rasa syukur bagi mbak itu apa ya? Disini mbaknya yang sebagai pelestari budaya(sinden).
24.	I	*Ya bersyukur atas segala nikmat yang diberikan Allah, terutama dapat menjadi sinden yang merupakan salah satu pelestari budaya wayang kulit ini.*
25.	P	Iya mbak, gimana tuh cara mbak mengekspresikannya di kehidupan sehari-hari?
26.	I	*Kalau saya ya mbak diberikan kesehatan bisa kerja sama kuliah itu sudah bersyukur banget, mengingat menggeluti profesi ini juga bukan semua orang bisa. Sama bisa meluluhkan hati ibuk. Bisa sampai dititik ini itu udah lebih dari cukup. Kalau untuk saat ini ya.*
27.	P	Berarti masih banyak yang ingin dicapai ya mbak?
28.	I	*Iya noh mbak, mumpung masih muda dan karir lagi bagus jadi ya berusaha untuk memanfaatkan peluang yang ada noh. Bersyukur ya harus tapi masih perlu berusaha lebih keras lagi agar goals bisa tercapai kan.*
29.	P	Kalau boleh tahu, selama menjadi sinden mbak sudah menerapkan sikap *ora ngoyo* kah?
30.	I	*Pernah sih mbak tapi kebanyakan ngoyo ne haha, soale iseh enom mbak dadi kabeh kudu dikejar ngono.* (Pernah sih mbak tapi kebanyakan *ngoyo* nya haha, karena masih muda mbak jadi semua harus dikejar gitu).
31.	P	Yang ingin mbak capai itu diluar kemampuan mbak atau tidak mbak?
32.	I	*Belum yang terlalu ekstrim sih mbak, seperti saat ini saya kan belum punya mobil sendiri yo mbak, yang biasa dipakai itu milik orang tua jadi punya keinginan untuk beli sendiri. Dan kalo bagi saya mobil itu penting untuk penunjang karir saya sebagai sinden.*
33.	P	Iya mbak saya paham jadi kalau sewaktu-waktu mbaknya ada job jarak jauh bisa tenang gitu ya, apalagi bawaannya pasti banyak kan ya seperti make up dan baju ganti gitu kan.
34.	I	*Nah itu maksud saya mbak. Sama bisa bahagiain orang tua, seperti berangkatin umrah gitu mbak. Terlihat mustahil ya mbak tapi arep usaha sek mbak, sopo ngerti diijabahi gusti Allah.*
35.	P	Betul mbak, bagi mbak seberapa penting kesederhanaan itu untuk kehidupan? Terutama mbak yang sebagai pelestari budaya ini.
36.	I	*Yo penting banget noh mbak, meskipun terlahir dari keluarga yang berkecukupan yo tetepo penting mbak nek urep sederhana iku.*

37.	P	Baik mbak, lah teros piye carane mengekspresikan wujud hidup sederhana selama mbak ini menjadi pelestari wayang kulit (sinden)?
38.	I	*Nek aku ya mbak, seko penampilan ya seng standar wae dadi koyok pas meh kerjo tok macak e mbi pas lungo acara-acara penting. Pokok sesuai kebutuhan lah. Bersyukur terus neng setiap opo seng wes dicapai. Misal biasane seminggu manggung peng siji eh iso peng loro telu yo disyukuri ngono sih.* (Kalau saya ya mbak, dari penampilan ya yang standar saja jadi seperti mau kerja tok dandannya sama ketika mau pergi acara-acara penting. Pokok sesuai kebutuhan lah. Bersyukur terus pada setiap yang sudah dicapai. Misal biasanya seminggu manggung sekali eh bisa dua tiga kali ya disyukuri gitu sih).
39.	P	Kalau dari kejujuran, itu seberapa penting kejujuran bagi mbak misal nih dari angka 1-10 itu berapa?
40.	I	*Jujur juga penting mbak, sekitar 9 sih mbak bagi aku. Uwong lak seng dicekel omongane noh mbak. Lah nek senengane ngapusi yo rak dipercoyo, sek ngei job harang yo bakale mikir pindo nek kene ne seneng ngapusi mbak.*
41.	P	Iya mbak, apalagi sebagai pelestari budaya ya mbak mesti kejujuran *iku penting.*
42.	I	*Lah iya itu. Pokok ya diusahakan untuk selalu jujur mbak sepahit apapun itu. Karena sudah semestinya kejujuran itu teramat penting dalam hal apapun.*
43.	P	Betul, lalu bagaimana mbaknya berusaha terus untuk menerapkan kejujuran dalam kehidupan sehari-hari ya?
44.	I	*Ngene mbak contoh kecile ya kalau salah ya ngaku salah, menepati janji. Misal ada anggota keluarga yang pinjam uang dan kitanya punya ya dipinjami, jangan bohong dengan bilang gapunya uang. Kalau untuk job ya seperti itu juga, misal melakukan kesalahan ya bilang kalo kitanya yang salah. Jangan malah melempar kesalahan kita pada orang lain.*
45.	P	Mbak bangga nggak sebagai sinden (pelestari budaya wayang kulit)?
46.	I	*Loh* ya jelas bangga *noh* mbak.
47.	P	Apa yang menjadikan anda bangga menjadi sinden (pelestari budaya wayang kulit) mbak?
48.	I	*Dadi sinden iku pinginanku mbak, sakliyane iku ora kabeh uwong iso nyinden. Amergi tembang-tembang seng dinyanyike iya angel. Warisan asli budaya Indonesia pisan. Pokok bangga temen aku*. (Jadi sinden itu keinginanku mbak, selain itu tidak semua orang bisa nyinden. Karena tembang-tembang yang dinyanyikan iya sulit. Warisan asli budaya Indonesia lagi. Pokok bangga banget aku.)
49.	P	Apakah ada momen khusus dalam perjalanan mbak sebagai sinden (pelestari wayang kulit) yang membuat mbak merasa bangga?
50.	I	Maksudnya perjalananku *meh dadi sinden opo pas nyinden* mbak?
51.	P	Eh dua-duanya boleh mbak sekalian diceritakan
52.	I	Oalah oke mbak. Kalau pas meh dadi sinden ya itu seperti sek udah tak katakan diawal, untuk mencapai dititik ini ya semua penuh momen tersendiri mbak terutama untuk mendapatkan restu dari ibukku. *Kalo pas nyinden opo ya mbak iku sih aku tau sebulan full manggung dan pagine harus kuliah, behh rasane pas bar ngliwati sebulan iku lagi lego.*
53.	P	Bagaimana perasaan mbak ketika melihat generasi muda yang tertarik untuk melestarikan wayang kulit?
54.	I	*Seneng noh mbak, emang seharuse generasi muda iku ya melu nglestarike warisan budaya ne dewe cek ben ora ilang meskipun era semakin modern ngono*. (Senang noh mbak, memang seharusnya generasi muda itu ya ikut melestarikan warisan budaya nya kita supaya tidak hilang meskipun era semakin modern).

55.	P	Sebagai sinden (pelestari wayang kulit), kekurangan dan kelebihan mbak itu apa saja ya?
56.	I	Kekurangan ya banyak mbak *wong jenenge menungso, nek kelebihan opo ya mbak yo wes iku iso dadi sinden* di usia muda *mbi melu* melestarikan budaya.
57.	P	Adakah langkah nyatanya yang pernah mbak ambil untuk mengoreksi kelemahan-kelemahan yang dimiliki?
58.	I	Ada mbak, *nek misal nembangku tak rasakke kurang memuaskan yo aku ndelok soko sinden seng sepuh seng luweh pro mbak teros tak sinauni meneh. Nek gak ngono njuk warah mbi sindenne mou*.
59.	P	Menurut mbak, seberapa pentinge kemampuan untuk menilai dan mengoreksi kelemahan diri?
60.	I	*Penting mbak ben dadi uwong seng lebih tau diri dadi ora sek sombong ngono loh mbak*.(Penting mbak agar jadi orang yang lebih tau diri jadi tidak terlalu sombong gitu loh mbak).
61.	P	Apa motivasi bagi mbak untuk terus berusaha memperbaiki diri sebagai sinden (pelestari wayang kulit)?
62.	I	*Simpele nggo jogo dan melestarikan budayane kene ya mbak, sama yang utama itu kepuasan penonton mbak. Belajar teros dan mengikuti apapun yang menjadi trend dengan mengkolaborasikan sama tembang-tembang Jawa. Lah nek uwes ya kan iso merasakan kepuasan dan kebanggaan untuk diri sendiri*.
63.	P	*Dadi penting penonton puas mbi ngei umpan balik positif ya mbak.*
64.	I	Iya mbak betul.
65.	P	Apakah mbak terbuka terhadap kritikan-kritikan dari orang lain?
66.	I	*Loh iya noh mbak, aku yo nrimo opo wae kritikan soko wong-wong.*
67.	P	Lalu selama ini apakah mbak pernah atau bahkan sering menerima kritikan?
68.	I	*Sejauh iki sih soko ibukku mbi konco-koncoku seng do iri mbak, nek soko penonton alhamdulillahe ora tau. Tapi gareti nek eng mburi di omongke ya mbak*
69.	P	*Iya mbak itu juga diluar kuasa mbak yo*
70.	I	*Nah iyo kui mbak*
71.	P	Lah *pripun* mbak e menyikapi mbi merespon kritik *seng mungkin gae loro ati sampean*?
72.	I	*Mungkin awal-awal rodok loro ati yo mbak tapi nek wes kulino yo jarno wae. Paling ya tak gae instrospeksi diri.*
73.	P	Lalu bagaimana mbak memastikan *nek kritik* yang diterima itu tidak membuat motivasi mbak menurun dan justru memperkuat semangat untuk melestarikan wayang kulit?
74.	I	*Cek lah dowomen pertanyaanmu mbak haha.*
75.	P	*Loh iyo leh mbak, bar iki yo rodok dowo-dowo meneh pertanyaane haha*
76.	I	*Iya siap mbak. Pokok ngene mbak nek aku, sebisa mungkin berusaha nrimo opo wae seng di komeni wong-wong. Jenenge menungso yo onok seng seneng yo onok seng raseneng. Pinter-pintere awakku bentengi diri ben ora down misalo nemuni kritikan pedes ngono iku. Tugasku dadi sinden mung menghibur penonton mbi melestarikan budaya Indonesia*.
77.	P	Bagaimana usaha mbak untuk tetap melestarikan wayang kulit walaupun diluar itu menghadapi berbagai tantangan dan tekanan?
78.	I	*Nek aku mung mlaku sak titahe mbak, tetep belajar nyinden mbi iku misal lagi kumpul sama anak-anak kecil yo diomongi tentang perwayangan. Kadang juga kan mereka onok seng penasaran mbi sinden kan, nah disaat iku mbak aku nuturi mereka tentang wayang kulit.*

79.	P	Baik mbak, *dadi ngajari mbi nuturi bocah-bocah ket cilek ben kenal budayane awake dewe ya.*
80.	I	*Heem mbak, dadi mereka kan ora nyepelekke opo mandang sebelah mata tentang wayang kulit seng dadi warisan leluhure kene.*
81.	P	*Lah bar sampean tuturi ngoten melu melestarikan wayang kulit pora mbak?*
82.	I	*Ono seng tertarik yo ono seng angger biasa wae mbak. Nek saiki cah nom-nom wes lumayan akih mbak seng seneng mbi melu pewayangan. Sinden ya wes akih seng sepantaranne kene mbak, dibawahe kene ya ada nayogo ne.*
83.	P	*Oalah iya ya mbak, malah semakin apek ya nek ngono. Dadi tetep ono generasi muda seng melestarikan wayang kulit.*
84.	I	Iyo mbak bener *kui.*
85.	P	*Mbak semisal sampean menghadapi kegagalan dalam melestarikan wayang kulit, opo seng bakale mok lakukan? Terus gimana mbak memulihkan rasa percaya diri itu?*
86.	I	*Tarik napas sek mbak, bar iku lagi mikir opo seng harus dilakukan. Mungkin soko langkah kecil ndisik koyok mencari penyebab gagal e iku opo. Apakah soko diri sendiri atau faktor luar. Pokok digali ndisik lah kok iso gagal dan harus belajar juga dari kegagalan itu.*
87.	P	Lah sebelum *iku* mbak sudah pernah mengalami kegagalan sebagai sinden (pelestari wayang kulit) atau belum?
88.	I	*Yo tau mbak, jenenge wae menungso. Terkadang apa yang diharapkan tidak sesuai dengan kenyataan kan. Misale penampilanku kurang memuaskan, nek gak ngono ya pas suaraku gek serak mbak.*
89.	P	Bagaimana mbak memberikan *reward*/ hadiah pada diri sendiri setelah selesai pertunjukan wayang kulit?
90.	I	*Wah nek iku aku biasane ya shopping atau jalan-jalan mbak, koyok neng pantai ngono atau eksplor wisata alam. Atau enggak pas mager banget ya wes tak tinggal turu.*
91.	P	Cewek ya mbak emang pasti suka shopping *yo*
92.	I	*Heem mbak, cuma nek aku seringe shopping nggo kebutuhan nyinden. Nek untuk foya-foya masih belum berani*.
93.	P	Lah kenapa mbak?
94.	I	Namanya hidup ada kalanya diatas, dan mungkin saja bisa dibawah. Jadi harus menabung agar ketika susah kita itu tidak menyusahkan orang lain, cukup diri sendiri mawon.
95.	P	Iya ya mbak, suka sama cara berpikir mbak i. Belanja boleh, asal seperlunya aja gitu *yo*.
96.	I	Haha, iya mbak betul.
97.	P	Yang membuat mbak merasa nyaman dengan diri sendiri sebagai pelestari wayang kulit itu apa sih mbak?
98.	I	*Ya itu mbak karena dadi sinden iku asale hobiku, kesukaanku dari opo wae seng di lakoni dengan senang hati mesti gae nyaman to.*
99.	P	*Oiya mbak, opo meneh hobi seng positif ya.*
100.	I	*Nah betul, pokok selagi iseh dalam tahap aman kui dilakoni. Asalkan awak e dewe ora merugikan wong liyo.*
101.	P	Sipp mbak. Lalu upaya apa saja yang mbak lakukan untuk menunjang pelestarian wayang kulit?
102.	I	*Soko paling cedak sek mbak, soko sedulur mbi tonggo-tonggo. Terus cah cilik-cilik neng sekitar ngono. Nek saiki zaman teknologi maju ya iso di upload neng youtube, instagram, tiktok, facebook, mbi sejenise*. Aku juga yang lulusan keguruan

		memanfaatkan kemampuan menyindenku kanggo ngajari murid-muridku mbak. Kadang ada seng tanya tentang persindenan itu.
103.	P	Baik mbak, *matur suwun nggih sampun* bersedia *kulo* wawancarai dan meluangkan waktunya.
104.	I	Iya mbak sama-sama, aku ya juga seneng bisa membantu mbaknya. Semoga lancar ya mbak kedepannya.
105.	P	Aminn, mbak juga semoga lancar segala urusannya dan banyak job.
106.	I	Aminnn mbak.

Transkrip Wawancara Informan 4

Nama/inisial : Wartoat/T

Tempat, tanggal lahir : 10 April 1971

Jenis kelamin : Laki-laki

Usia : 53 tahun

Alamat : Sidi alit

Pekerjaan : Pengrawit

Tanggal wawancara : Demak, 31 Juli 2024

Keterangan

Peneliti : P

Informan : I

Hasil wawancara

No.	Ket	Verbatim
1.	P	Assalamualaikum pak, sebelume nyuwun ngapuntene nggih mengganggu waktu panjenengan. Kulo fitrianingsih, mahasiswi saking program studi Psikologi UIN Walisongo Semarang. Maksud kulo ten mriki ajeng melakukan penelitian mengenai skripsi saya yang terkait analisis penerimaan diri dalam konsep nrimo ing pandum pelestari budaya wayang kulit pak. dengan panjengan sebagai informan kulo, apakah bapak bersedia?
2.	I	Waalaikumsalam mbak, iya mbak boleh.
3.	P	Suwun nggih pak. Kalau boleh tahu bapak bagian apa di pewayangan?
4.	I	Oh pengrawit mbak.
5.	P	Pengrawit niku seng bagian nutuk gamelan ya pak?
6.	I	Leres mbak. Tapi nutuk e ora sembarangan nutuk yo, onok teknik-teknik e yo ono rosone.
7.	P	Haha inggih pak, nek dados pengrawit ngoten niku kerjone sift-sift an nopo mboten pak?
8.	I	Mboten noh mbak, nek pengrawit iku nek wes nyekel gamelan iku mou suwengi yo iku seng dicekel pol acara selesai.
9.	P	Oalah ngoten nggih pak, lah bapak menekuni sebagai pengrawit sejak kapan?
10.	I	Dari tahun 90-an
11.	P	Lah asale pripun kok saget dados pengrawit pak?
12.	I	Oh lah iku yo bakat alam mbak, lah mboten sekolah i. Bakat alam karo sitik-sitik sinau, sinau dari suara dari radio lah, tapi niku iso masuk mbak.
13.	P	Loh niku mboten wonten gurune pak?
14.	I	Yo ngene mbak, bapakku kui dalang secara tidak langsung neng aku wes mengalir darah seniman era mbak. Pas bapak ndalang kui ya aku nek anu melu mbak, teros nek latihan juga. Lingkungan ku kan yo pewayangan nek ngono ya mbak, dadi tinggal tak asah sitik saget, dadi asline yo ono soko keturunan juga hehe. Seng penteng gelem sinau mbi tekun.
15.	P	Oalah nggih pak. Kalau boleh tahu jenengan niku nderek paguyuban orang lain nopo pripun pak?

16.	I	Hee iyo melu wee kakak utowo konco-konco mbak. Kakak e kulo dalang mbak
17.	P	Inggih pak, niku to pak dalang Waroso?
18.	I	Betul mbak, kok sampean ngerti
19.	P	Inggih wingi kulo disanjangi kalean pak dalang pas sowan meniko pak.
20.	I	Oalah iyo mbak, lah kulo niku seng ragil.
21.	P	Inggih pak, selama dados pengrawit (pelestari budaya wayang kulit) niku wonten masalah nopo mboten pak?
22.	I	Oh wonten mbak, babagan panjer kui seng sering. Satu iku nek job e dobel, seng kedua iku nek rame yo capek lah soale melek semaleman.
23.	P	Lah pripun panjengan menyikapi masalah tersebut pak?
24.	I	Nek seng babagan panjer ya gelem rak gelem kudune milih salah siji misale onok wong panjer lebih dari satu. Raiso dompo, dompo kui dobel mbak. Seng penting iku dongo ben sesasi full job, urut dan lancar sekabehane mbak. Nek capek jenenge kerjo pancen kesel yo mbak. Yo wes ngger dilakoni sek wae semampune.
25.	P	Inggih pak, nek gitu misale sehari ada job di lokasi ini ya cukup lokasi ini ya pak. Mboten saget dua lokasi nggih
26.	I	Nggih mbak, lah mosok awakku dibelah dadi dua lokasi haha
27.	P	Hehe, iyo ndeh pak. Selain dados pengrawit jenengan ada kegiatan lain lagi pak?
28.	I	Ada mbak, biasane kulo ngajari karawitan neng SMPN 1 mbak seng kebetulan ndek mriku ono gamelan lengkap.
29.	P	Oalah, selama dados pengrawit rintangan dan tantangan apa saja yang bapak alami?
30.	I	Menguasai alat musik e mbak, selain iku ya harus siap sedia beradaptasi dan menyesuaikan dengan trend masa kini namun akses atau khas Jawa ojok sampe hilang.
31.	P	Terus niku sesasi biasane main berapa kali pak?
32.	I	Wah iku iso main 20 kali bisa 17 kali, paling akeh iku biasane bulan syawal, apit, besar iku rame-ramene mbak. Sampe ora muleh omah tau mbak. Yo ngene iki nek wong seniman pewayangan, nek pas libur yo meneng anteng neng omah tapi nek sekaline main iso-iso lali sobo omah, neng dalan teros.
33.	P	Inggih ya pak, lah mainne niku ten pundi mawon?
34.	I	Masih di Jawa tengah mbak. Demak, Pati, Kudus, Jeporo yo khusus karisidenan ngene iki lah mbak.
35.	P	Pripun perasaane jenengan saget dados pengrawit ngene iki pak?
36.	I	Yo memang wong seniman niku nek pentas yo seneng bangga ngono mbak. Asal tidak.. tidak opo yo iku mbak kadang kan nek wayangan ono dangdute yo iku kan seng marai ricuh. Nek soko kesenian seng asli kesenian jowo koyok gamelan ngono iku mbak memang nikmat, enak dirungokno. Aku sebagai seniman memang bangga mbak, sebagai pengrawit bangga temen mbak.
37.	P	Wah iya pak, unine gamelan iku loh seng khas kejawen yo pak.
38.	I	Lahyo kan mbak, dadi kene seng wong seniman iku krungu gamelan ditutuk muni ngono neng ati ayeme raneni iso rileks ngono mbak. Ada rasa kesenangan tersendiri ngono loh mbak.
39.	P	Inggih pak, menurut panjengan rasa syukur niku nopo pak?
40.	I	Wuh nek rasa syukur niku, rasa syukur niku rodok piye yo.. Rasa syukur iku nek dijerokno iku tidak hanya sekedar syukur, tidak hanya sekedar terima kasih tapi rasa syukur iku menjuruse lungo ikhlas. Dadi syukur kan wah aku iso ngene, tapi keikhlasan kan hurong. Emm.. lah iku nek anu kan iso iso berjalan bersama-sama dadi kita syukur kita ikhlas. Ikhlas iku pokokmen semuanya ikhlas, bok dinganu ya semuanya ikhlas. Soale wong seniman iku harus rendah hati, tidak boleh sombong yo harus rendah hati. Iku nek eng dunia seniman pewayangan ya mbak.

41.	P	Lah pripun carane jenengan mengekspresikan rasa syukur sebagai pengrawit dalam kehidupan sehari-hari?
42.	I	Yo carane yo, syukur aku iso ngene, aku bersyukur banget iso dadi seniman pengrawit. Alhamdulillah yo iso ngge bantu-bantu sitek lah, iso bantu ekonomi ngono mbak.
43.	P	Selama iki panjenengan selama dadi pengrawit sampun menerapkan sikap ora ngoyo? Atau justru panjenengan malah seneng ngoyo ne pak?
44.	I	Wah ojo ngoyo, lah tidak ngoyo. Lah nek ngoyo mbak pas rame banget ngono iku awakku rakuat iso-iso malah loro. Tapi yo nek berjalan apa adanya iku malah enak banget, ngono wae mbak.
45.	P	Dadi yo sak mlakune ngoten nggih pak
46.	I	Heem mbak, sak mlakune wae ngono
47.	P	Menurute panjengan seberapa pentinge hidup sederhana niku selaku pelestari budaya wayang kulit?
48.	I	Sangat penting mbak. Pancen aku iki tak gae hidup sederhana wae mbak, ora mencolok opo kepiye. Yo wes ngger seng ketok sederhana wae mbak.
49.	P	Pripun carane jenengan mengekpresikan wujud hidup sederhana pak?
50.	I	Emm.. yo nggur ngene iki mbak, biasane aku kui memprioritaskan seng luweh tak butuhke sek mbak. Mangan sak onone, seng penteng kui cukup ngono mbak
51.	P	Menurut panjenengan, seberapa penting kejujuran niku pak? Semisal dari angka 1-10 niku pinten nggih?
52.	I	Nek jujur ya mbak nek aku iku yo nyuwun sewu wae ya diangka 7. Karepe sih diangka 10 tapi hurong mampu mbak.
53.	P	Belum mampunya itu yang seperti apa? Maksudnya dalam hal apa?
54.	I	Yo iku mbak, nek bagiku menurutku kih menungso kui hurong iso diangka 10. Sadar rak sadar awak e dewe kui dalam waktu sedino iku mesti tau ngapusi loh mbak. Entah iku ngapusi pada diri sendiri, orang lain, keluarga, bahkan Tuhan,
55.	P	Inggih pak, misale kui pripun menurute bapak?
56.	I	Misale sampean sakit hati mbi tonggomu seng omongane pedes mbak, lah pas ditakoni kui sampean muni baik-baik saja. Iku lah seng diarani membohongi diri sendiri.
57.	P	Hehe iya ya pak. Seberapa penting kemampuan untuk menilai dan mengoreksi kelemahan diri bagi panjenengan ?
58.	I	Yo penting mbak. Kenopo kok penting, ben ora dadi wong seng sombong seng merasa selalu benar ngono.
59.	I	Apakah panjenengan terbuka terhadap kritikan dari orang lain? Dan pernah mendapatkan kritikan-kritikan sebagai pengrawit?
60.	P	Iya mba, aku berusaha nggo nrimo semua kritikan seng ditujukno nggo aku mbak. Nek kritikan dari penonton itu tidak ada tapi adane iku kritikan karepe kon ngikuti zaman sekarang. Emm.. zaman sekarang kan dicampur ya mbak gamelan karo musik iku kan. Tapi iki tak terima walaupun sebenare gamelan nek dicampur iku enak tapi lebih baik dan lebih enak aslinya. Tapi piye meneh mbak yo ngger manut aturane saiki wae.
61.	I	Nderek seng trend-trend saniki yo pak
62.	P	Lah nggeh mbak, wes anggep wae iku gae inovasi gamelan Jawa ben cah tetap opo mou seng sampean omongke mbak
63.	P	Trend ngoten nggih pak
64.	I	Lah iyo mbak betul
65.	P	Apakah terdapat momen khusus selama dadi pengrawit sampe membuat panjenengan merasa bangga pak?

66.	I	Oh ada mbak. Mengesankane iku pas sekali tampil seng gae kebanggaan, misale gending iki keluar nah iku suatu momen yang saya banggakan tak ileng-ileng ngono mbak.
67.	P	Bagaimana usaha panjenengan untuk tetap melestarikan wayang kulit meskipun mneghadapi tantangan dan tekanan dari luar pak?
68.	I	Tujuannya seniman itu untuk menenangkan hati, tapi juga untuk kehidupan walaupun terwujud tidak terwujud ya tujuannya iku dan yang paling penting untuk melestarikan budaya wayang kulit.
69.	P	Bagaimana perasaan panjenengan semisal ada generasi muda yang suka atau tertarik untuk turut serta melestarikan budaya wayang kulit pak?
70.	I	Ya kita dukung mbak, sangat sangat didukung. Dibimbing dan dilatih juga sampai bisa. Soale wong seniman iku merasakan mbak, tidak hanya nutuk. Nek tutuk asal nutuk yo ora dadi mbak dadi onok teknike. Nah pas nutuk sambil dirasakan kui mengko iso enak
71.	P	Sebagai pelestari wayang kulit, kekurangan dan kelebihan panjenengan nopo mawon ya pak?
72.	I	Nek kekurangan yo mesti ada kekuranganne mbak. Misale masalah gending, tidak ada pengrawit yang sukses itu tidak ada dan pastine ono kurange mbak. Soale gending iku tidak satu dua, gending itu ada ratusan bahkan ribuan gending. Pikiran kita kan belum mampu, paling ya ada beberapa gending lah kadang 25 atau 30 gending itu sudah bisa untuk berjalan. Nek kelebihan opo ya mbak, ya iki mbak iso dadi pengrawit dari tahun 90-an sampai sekarang sih. Iso menguasai alat musik gamelan Jawa kui sih mbak, nek akeh-akeh ndadako malah diarani sombong mengko haha.
73.	P	Hehe nggih pak, motivasi jenengan dadi pengrawit niku nopo pak?
74.	I	Senior mbak. Pingini ya nutukke senior mbak, wah aku pingin koyok iki nutuk ke iki ngono
75.	P	Bagaimana panjenengan memberikan reward pada diri sendiri setelah selesai pertunjukan wayang kulit?
76.	I	Tidur mbak, jenenge wong kesel karipan sisan yo wes turu mbak. Nek rak ngono yo aku ngo ngopi mbi konco-konco mbak pas bar main.
77.	P	Apa yang membuat panjenengan nyaman dengan diri sendiri sebagai pengrawit (pelestari budaya wayang kulit)?
78.	I	Dadi pengrawit kan emang pinginan ku dewe ya mbak, dadi yo aku ngroso nyaman-nyaman wae maksute iku tanpa paksaan ngono. Enak e dadi pengrawit yo pas main mbak, ngger krungu suoro gamelan kui adem neng ati teros pikiran yo melu padang nyantai.
79.	P	Upaya nopo seng panjenengan lakukan kagem menunjang pelestarian wayang kulit pak?
80.	I	Lah nek iku ya seng wes tak omong neng ngarep mou mbak, aku ngulang karawitan neng SMP 1 kan. Onok nek anu cah-cah kuliahan seng neng ISI iku loh mbak juga moro rene njuk ngajari karawitan ngono iku. Kui aku yo legowo ngajari mbak, berbagi ilmu juga kan ya.
81.	P	Pak mohon maaf nggih, kira-kira niku gaji pengrawit pinten nggih dalam sebulan?
82.	I	Loh, nek pengrawit kui raiso diitung bulanan mbak tapi tergantung banyak e pentas. Terus juga dari pentas satu dengan pentas yang lain ya beda, tergantung acarane dan lokasine. Kira-kira iku 1-3 jutaan lah mbak, iso luweh yo iso kurang tergantung acarane.
83.	P	Kalau demikian, apakah cukup untuk kebutuhan?

84.	I	Nek kanggo awakku dewe ya mbak ya cukup nggak cukup. Nah makane kulo nggih ngajar ten sekolah juga kan, meniko saget nggo nutupi kekurangane.
85.	P	Lah nek nggak cukup begitu, kenapa bapak masih menekuni bidang ini?
86.	I	Seneng mbak, wes kadong seneng kalian dunia seni. Dadi seniman kui menenangkan hati, juga melu melestarikan budaya milik sendiri ya disisi lain aku juga wes terbiasa hidup dengan seni. Dadi seniman kui ya ora perkoro duite tapi pengabdiane. Dadi nek wes nutuk ngunu kui mengko ada kepuasaan dan kebanggaan tersendiri mbak. Naliko awak e dewe nglakoni ne ikhlas, *nrimo* ya mbak, mengko bakale ono dalane dewe.
87.	P	Nggih pak, niki mpun cukup. Matursuwun nggih mpun bersedia kulo wawancai dan meluangkan waktu. Sepurane mpun menganggu waktune panjenengan.
88.	I	Iyo mbak wes sante wae, mugo-mugo barokah ya
89.	P	Amin pak
90.	I	Salam kanggo bapak e mbak, ndang cepet mantu kon nanggap wayang ngono ya
91.	P	Haha nggih mangkek kulo sampaikan. Monggo pak
92.	I	Monggo mbak

Transkrip Wawancara Informan 5

Nama/inisial : M. Ihsanuddin /I

Tempat, tanggal lahir : Demak, 11 Juni 1997

Jenis kelamin : Laki-laki

Usia : 27 tahun

Alamat : Kadilangu, Demak

Pekerjaan : Seniman (Dalang)

Tanggal wawancara : Demak, 29 November 2024

Keterangan

Peneliti : P

Informan : I

Hasil wawancara

No.	Ket	Verbatim
1.	P	Pak
2.	I	Kamu ya?
3.	P	Iya pak, silahkan duduk hehe
4.	I	Oiya maaf ya nunggu lama
5.	P	Santai saja pak, gapapa kok. Mau langsung saja atau gimana?
6.	I	Boleh mbak
7.	P	Awal mulanya bapak menjadi dalang itu bagaimana?
8.	I	Untuk awal mula itu ya awal memang dari minat ya0. Minat terus saya lanjutkan ke jenjang SMKN 8 Surakarta itu pada tahun 2012. Itu jadi 2012 itu saya lulus dari SMP nah ambil di SMKN itu ambil jurusan pedalangan. Jadi di SMKN itu ada beberapa jurusan, ada tari, karawitan, musik, dan pedalangan. Dan kebetulan saya ambil pedalangan. Terus lulus 2015 lanjut lagi di ISI Surakarta, itu sama ambil seni juga ambilnya pedalangan juga. Berarti ya 4 tahun 8 semester. Cuma sesudah di SMKN itu di Unnes dulu satu semester, keluar dan pindah ISI, jadi lulusnya di ISI 2020.
9.	P	Yang di unnes itu ambil jurusan apa pak?
10.	I	Pendidikan, pendidikan bahasa Jawa. Jadi ternyata unnes itu kuliahnya monoton, reti to mungkin dengan kampus yangkan sama teori tok. Terus pindah lagi ke ISI 2016 masuk 2020 keluar/lulus. Jadi awal mulanya terjun di dunia seni itu tahun 2012 masuk sekolah seni.
11.	P	Kalau dari silsilah keluarganya ada yang dari seni juga?
12.	I	Kalau dari silsilah keluarga itu ndak ada I, sama sekali.
13.	P	Berarti mulai bapak yang pertama kali? Istilahe mbabat alas?
14.	I	Iya pure dari saya sendiri dalam arti dari hati lah. Faktor lingkungan juga gaada, faktor keturunan juga gaada, jadi memang pure dari hati ya kemauan sendiri. Ya ndak tau alesane kok mau suka ya ndak tau. Wong jenenge wong seneng, seneng kan tanpo alesan.
15.	P	Tanggapan dari keluarga bagaimana?

16.	I	Tanggapan dari keluarga memang awale nggak setuju ya karena kan di Demak kan mayoritas Islam dalam arti pinginnya ya di sekolah biasa ya seperti yang lain. Cuma lambat laun tetep nekat, saya itu nekat, 2012 dan ada pembuktiannya. Dalam arti aku yakin terjun di sekolah seni, di dunia seni pasti aku bisa meyakinkan dengan karya. Nah saya ikut lomba festival dalam pantura. Pantura itu brebes sampai rembang kan pantura itu 2013 juara satu. Jadi saya dengan orang tua sedikit mengekang tapi tetap saya lanjutkan dengan pembuktian seperti itu. Lah sesudah itu sampai sekarang orang tua mendukung. Jadi perlu pembuktian juga.
17.	P	Kalau dari teman-teman ada yang meremehkan atau tidak?
18.	I	Temen-temen sebelum masuk seni tidak ada yang meremehkan, kan malah temen-temen itu merasa nek aneh iku ndak, Cuma merasa heran. Kok bisa kan ndak ada alurnya, arusnya kan di temen-temen gaada yang seni juga
19.	P	Emmm.. selain sebagai dalang apakah ada profesi lain?
20.	I	Emm.. kalau sampai saat ini saya hanya satu profesi saja hanya dalang saja karena sudah tekad dari dulu memang. Nak tembunge Jawa ya mbak ini pendapat saya sendiri ya mbak “madep mantep di dunia seni” ya mungkin yang lain gatau ya ke depannya gatau ya mbak untuk menunjang faktor ekonomi ya ndak tau cuma sampai saat ini masih fokus di dunia seni, utamanya ya pedalangan.
21.	P	Emmm selain dari orang tua itu, kalau untuk kendala yang lain itu apa saja pak?
22.	I	Kalau kendala i yang saya rasakan ya selama berproses itu ndak ada kendala, yo kesulitan di awal itu pasti karenakan terjun ke dunia yang baru dan tapi itu kalau dengan tekad yang kuat dan keinginan-keinginan yang bener-bener pingin tahu pingin menekuni ya berjalan dengan lancar, ya dibantu dengan teman-teman seni juga dan tanya-tanya, srawung. Paham kan bahasa srawung? Kuncinya di srawung.
23.	P	Bapak ini anak ke berapa?
24.	I	Saya anak kedua dari tiga bersaudara.
25.	P	Yang di seni Cuma bapak saja?
26.	I	Iya yang di seni Cuma saya saja
27.	P	Terus itu pak, kalau di seni ikut paguyuban apa?
28.	I	Kalau di demak itu ada salah satu organisasinya namanya itu pepadi, itu kalau disetiap Kabupaten itu pasti ada organisasinya bahkan itu tingkat nasional. Saya ikut di pepadi dari tahun 2018. Anggotanya itu malah kebanyakan dari pegawai tapi yang suka dengan tradisi. Jadi meskipun pepadi itu maknanya persatuan pedalangan indonesia namun kalau dilingkup demak itu sebagai pelaku seni itu hanya sedikit. Kalau persenan itu hanya 20% dari 100%. Jadi yang lainnya itu penikmat atau pecinta seni didalam organisasi.
29.	P	Kalau kru nya dalam pemainan wayang kulit itu ada berapa orang pak?
30.	I	Kalau kru itu ya dipanggung dan di belakang panggung itu kurang lebih sampai 40 orang. Di belakang panggung itu maksudnya seperti yang menata wayang, gamelan, kru asisten gitu.
31.	P	Baik pak, itu kalau main dalam satu bulan itu berapa kali?
32.	I	Kalau dalam perbulan itu tidak mesti, ada yang perbulan itu tiga atau lima bahkan ada yang dalam satu bulan khususnya di bulan apitan itu bisa sampai 20 lebih, karena di demak kan punya tradisi tersebut. tapi kalau selain apitan ya tiga atau berapa
33.	P	Berarti paling sedikit tiga?
34.	I	Iya, biasane tiga itu tapi kalau bulan puasa ya nol haha
35.	P	Biasanya kalau rame selain apitan itu bulan apa aja?

36.	I	Biasane kalau rame itu ini nggak dilingkup demak aja ya dilainnya juga. Biasane itu mau bulan puasa maksudnya bulan sebelum puasa, sesudah puasa/syawal, apitan, besar. Nah empat bulan itu.
37.	P	Berarti hampir sama kayak orang nikahan ya pak?
38.	I	Oiya hampir sama.
39.	P	Pak ini mohon maaf ya ini agak sensitif dari sebelumnya
40.	I	Oiyaa ya gapapa gimana
41.	P	Itu kan musiman ya namanya, nah kalau dari gajinya itu gimana pak?
42.	I	Kalau gaji dari dalang itu kan tidak selalu dalam satu pentas itu sama dengan pentas yang lainnya itu tidak mesti. Tergantung itu acaranya apa dulu, acara Desa, orang nikahan, atau pemerintah itu sendiri-sendiri. Soale kalau budgetnya kalau pribadi saya itu saya tarif dengan beda-beda. Itu kalau narif saya. Misal pentas kalau satu malam nanti berapa nominal yang sisanya, tidak mesti seperti itu.
43.	P	Berkisarnya berapa pak?
44.	I	Ya kurang lebih minimal satu kali delapan juta, bersih. Untuk saya sendiri loh itu, tapi kalau pemkab ya lebih dari itu. Kalau luar Jawa bahkan lebih dari itu.
45.	P	Waww, itu khusus untuk dalang pak?
46.	I	Iya, jadikan global berapa puluh juta, nanti kan dibagi-bagi dengan kru, sisanya itu. Ya minim sekitar 7 8 jt kurang lebihnya. Tapi tidak semua dalang mempunyai budget yang sama loh. Ini untuk saya sendiri loh.
47.	P	Iya pak, itu segitu dari awal meniti karir atau pas sudah?
48.	I	Ndak, berproses..
49.	P	Awalnya berapa?
50.	I	Awal itu kalau saya inget 2014 ditanggap uwong itu sekitar 500 ribu. Tapi itu kan saya masih sekolah, jadi saya masih sekolah terus ada temen yang ngajak "ayo tak jak ndalang" tapi itu dijob ndalang siang, ndak malam hari, nah pertama kali itu 500 ribu itu 2014
51.	P	Terus naik?
52.	I	Terus naik-naik naik, kan untuk awal masih sekolah SMK kan utamane kan masih meniti karir dadi yang penting aku bisa pentas dalam arti aku bisa meingkatkan skill jam terbangku lah nanti kalau udah matang ditanggap orang lagi punya budget tersendiri.
53.	P	Itu cukup untuk kebutuhan bapak?
54.	I	Kalau untuk kebutuhan yo selama ini saya rasa sangat cukup. Bahkan tidak hanya untuk makan saja. Kebutuhan kan gini, sebagai dalang kan mempunyai properti wayang dan gamelan. Itu ya kalau pentas biasane beli wayang. Jadi cukup untuk beli properti kerja dan kebutuhan.
55.	P	Kalau untuk kebutuhan berapa persen?
56.	I	Ya kalau berapa persennya ndak tau. Kan tidak menentu. Soale kan ada juga alat, jadi hasil dari kerja tadi digunakan untuk kebutuhan juga memperbarui alat kalau semisal ada yang rusak atau mengupgrade alat. Kalau uang diseni itu tidak menentu. Seperti itu.
57.	P	Pernah mengalami ketidakcukupan atau tidak pak?
58.	I	Tidak cukup, nak tidak cukup belum ya mudah-mudahan jangan. Tapi kalau mau menipis tapi kemudian besok kan, kan aku bulan ini dapet sekian nanti kedepannya mungkin tanggapan mungkin berapa minggu lagi, ini ya harus di apa ya namane
59.	P	Dicukupin? Di manage?
60.	I	Lah manage, hee harus di manage uange. Dadi memang harus pinter-pinter memanage juga karena kan seniman kan tidak seperti orang yang menerima gaji perbulan, iya to? Jadi uange ya tidak menentu. Tapi ya dari tidak menentu kita ya

		harus kita pinter-pinter memanage bagaimana uang yang sekian bisa ke depan sampai dapet job. Ya kalo kurang belum, dan ya jangan sampai.
61.	P	Emm.. pak tahu nrimo ing pandum? Menurut bapak bagaimana makna dari nrimo ing pandum itu?
62.	I	Loh itu tumrape wong jowo, memang harus begitu nrimo ing pandum. Contoh kalo saya sendiri, memang apa yang sudah dapatkan itu ya harus diterimakan, mau mencari lagi kalau belum rejekine, memang kalo porsine satu gelas kita mau mencari lagi satu ember, kalau memang rejekinya satu gelas yaudah di trima aja. Nrimo ing pandum gitu. Dadi ndausah ngoyo lah, seni itu tidak bisa ibarate dikejar banget ya kejarnya itu kejar skill, kejar bagaimana nanti kedepannya pentasku harus berhasil harus meriah dan diterima oleh penonton. dadi tidak mengejar uangnya tapi mengejar bagaimana untuk kualitasnya karena kualitas itu yang akan menjamin hasil. Lah hasil kan apa yang kita terima itu hasilnya, dadi nrimo ing pandum. Yo kadang ada yang kerja ini, terus merasa kurang kerja yang lain. Kejar terus yo ada. Nek nrimo ing pandum itu sudah tumrape wong jowo yo haruse endak wong jowo tok sih memang orang hidup kan harus menerima apa adanya yang sudah ditakdirkan tuhan. Nrimo iku nrimo awak e dewe, pandum iku yang diatas. Ndak mungkin kita protes ke yang memberi rejeki kan ndak mungkin. Tapi ya iku, wong urep kui diwajibkan budidoyo. Budidoyo kan berusaha, apa yang menjadi usahamu ya itu yang akan menentukan hasil mu.
63.	P	Kalau begitu berarti penerapan sikap nrimo ing pandum itu cocok untuk seniman?
64.	I	Wah sangat cocok, bahkan tidak hanya seniman untuk semua orang juga.
65.	P	Kalau untuk seniman dilingkungan bapak banyak nggak yang menerapkan sikap nrimo itu?
66.	I	Yang menerapkan pedoman itu kan? Iya banyak mbak. Ya kan begini mbak, seni kan tidak hanya didalam pentas ya, ini yang ini berbicara seni yang lingkup tradisi saya. Aaaa selain ngudi ngudi ilmu dalam pentas pertunjukan seni juga orang ngudi ilmu dalam sinau urep kehidupan, nopo tumrape wong jowo iku pasti, itu dipegang pasti. Tapi tidak semua loh orang bisa menerapkan, ya so kadang terlalu ambisi ingin mempunyai ingin mendapatkan ini akhire bisa juga ya apa nggih, nek bejo ngentokke nek ora bejo malah jlentrohke. Masalahe yo dadi wong urep yo kudu nrimo ing pandum. Semua orang kan kalau orang Islam juga sama, menyeluruh. Lah itukan nrimo ing pandum tumrape mbah-mbah wong Jowo. Semua ya mayoritas orang seni ya ganduli atau gegem pedoman itu pasti.
67.	P	Alesan utama ketika menerapkan sikap nrimo itu sebagai pelestari budaya wayang kulit?
68.	I	O itu wong urep kui arep nguber opo, dalam arti yo sak madyane ya sak lakune, nek pancen rejekine semene yo wes dikepiye ke meneh gumantung kari wong kui mou iso nompo opo ora seng diparengake, kalau saya ya selain itu kan juga belajar ikhlas, sabar, nrimo apa adanya. kurang lebihe ngono mbak.
69.	P	Emm baik pak, bagi bapak kejujuran itu seberapa pentingnya? Kalau saya range dari 1-10 berapa pak?
70.	I	Yo penting, yo sepuluh. Jujur itu orang hidup pertama iku satu jujur dua bertanggung jawab. Dadi amit sewu ya, saya terjun ke dunia seni itu kan tadi dikekang oleh orang tua, ndak boleh ya. Tapi saya jujur, aku seng tak karepke neng atiku seng tak pinginke yo iki. Lah berjalannya waktu yo aku akan tanggung jawab apa yang telah saya tekuni. Jujur iku sangat penting, apapun. Jujur kanggo awake dewe, wong liyo itu sangat penting karena itu timbal baliknya kepercayaan orang lain terhadap kita. apalagi kita itu publik figur. Kalau kita tidak jujur dalam segi apapun itu akan menjadi senjata sendiri/boomerang terhadap diri kita.
71.	P	Dalam memperoleh job gitu ya pak?

72.	I	Iya , contoh aku ditanggap orang. Mesti orang menanyakan “harganya berapa mas?” sekian “dari harga sekian apa saja yang diperoleh untuk penanggap” terus saya rinci dari abc sampai z. lah itu nanti terus tetep saya lakukan sampai hari H. terus apa yang saya rinci itu tetep saya aturke sampai hari h tanpa harus mengurangi sedikitpun dari apa yang sudah dirembuk. Dadi nak wong wes muni A yo A nak B yo B, lah iku jujur dan tanggung jawab sangat penting.
73.	P	Selama ini sudah menerapkan kejujuran dalam keseharian bapak?
74.	I	Ya inginnya diterapkan dengan setiap hari, tapikan orang jujur itu perlu proses mbak. Inginnya jujur tapi bagaimana kita e opo dengan bisa mencapai kejujuran itukan dengan proses. Wong jujur, wong tanggung jawab, wong disiplin dan sebagainya dalam lingkup yang baik loh, tidak mungkin wong jujur teros jujur banget kan enggak. Ada tembungan doro neng sembodo itu ada juga. Itu wong jujur kan berarti orang yang selalu melakukan dan mengatakan sesuai fakta. Jujur kan?
75.	P	Iya
76.	I	Tapi ada kebohongan demi kebaikan kan juga ada, namanya doro neng sembodo. Itu sampean coba membuka kisah ajisaka itu kan artinya namanya dora dan sembada. Ngapusi neng kanggo kebaikan.
77.	P	Kalau menurut bapak itu boleh?
78.	I	Loh lah asalkan demi kebaikan loh, tapi tidak untuk kebaikan diri sendiri. Contoh ya, mbak e sampean sudah berkeluarga, terus sampean tiba-tiba jalan jalan ke luar terus melihat ipar sampean dengan wanita lain. Nah sampean jujur kan baik “mbak tadi aku liat mas dengan wanita lain” tapi kan ndak baik tumrape keluarga. Lah terus sampean ditanya “opo mou weruh tenan?” jawab saja dengan menjaga kebaikan dengan dalih “mbesok mesti bakal reti dewe” nggeh to, paham kan? Iku doro ngapusi tapi kanggo apik e.
79.	P	Kalau sebagai dalang itu tantangan terbesarnya apa pak? Selama meniti karir
80.	I	O tantangannya itu pasti, bagaimana meningkatkan kualitas agar penanggap itu tidak bosan pada pagelaran
81.	P	Itu hanya untuk penanggap saja atau
82.	I	Loh penanggap kan sama penonton, iya
83.	P	Lanjut pak
84.	I	Dadi misal saya pentas di Desa A, terus beberapa hari pentas di Desa B. ini kan berdekatan. Naliko pentas di Desa A warga di Desa B kan mesti nonton. Padahal beberapa hari aku pentas di Desa B, aku itu harus berpikir otak bagaimana cara pementasanku harus berbeda di Desa A. agar penonton itu tidak “oh ndek wingi wes dilakokno nek deso kono mosok iki arep podo” tantangan terbesarnya iku dadi bagaimana meningkatkan kualitas di dalam pagelaran seperti itu. Dadi itu sangat menunjang kepuasan, ya dalam satu kali pentas itu kalau puas iku kedepanne masyarakat ki oh yo kae apek kae apek, tapi nek tidak puas iku sangat bisa menghancurkan kualitas nama saya, jadi dunia seni iku kejam. Jadi satu kali pentas kok kamu bagus ya akan dianggap bagus, tapi kok tidak bagus ya pasti dibilang tidak bagus. Jadi orang-orang itu berasumsi seperti itu
85.	P	Ketika mengalami semisal pentas tidak bagus, itu cara menanganinya bagaimana?
86.	I	Yo mengatasinya gimana yo, karena memang yang dilihat sudah seperti itu tapi yo dalam diri sendiri seorang seniman itu masih mbak tidak mungkin cukup dengan apa yang sudah dilakukan, inginnya itu terus berproses terus. Lah nanggulangi tumrape penonton dan penanggap pas hari h itu tidak puas ya kedepanne harus yang paling simpel itu menjaga silaturahmi antara saya dan penanggap atau warga yang diwayangi itu. Dan juga kalau pas pentas lagi tidak diDesa itu atau diDesa lain saya itu mengeshare streaming atau memberi info kepada mereka dengan memberi linknya. Saya mengaku tidak setiap pementasan itu hasilnya sama. Hasil tingkat

		kepuasan loh. Padahal alat kru sama. Karena wayang itu logis dan non logis itu ya berkaitan.
87.	P	Kalau untuk sinden biasane berapa pak jumlahnya?
88.	I	Oh itu di kru saya minimal lima sindennya, campur ada orang lokal ada juga teman kampus.
89.	P	Oalah pantesan ada yang muda
90.	I	Heem nah suatu penyegaran untuk penonton.
91.	P	Oiyaa haha, terus kalau gini pak, semakin kesini kan semakin modern. Tantangan nya untuk bapak untuk kedepannya?
92.	I	Oiya tantangan sekarang itu penanggap sekarang itu kan masih terbawa zaman penanggap itu masih muda, pagelaran wayang dulu mungkin 15 atau 20 tahun yang lalu itu kan beda dengan pagelaran wayang sekarang. Kalau dulu itu namanya pakem, kalau sekarang saya pentas dengan menggunakan pakem itu 20 tahun yang lalu ya saya ditinggalkan oleh penonton. sekarang itu saya itu di dalam pementasan bagaimana membuat penyegaran di dalam suatu pagelaran wayang. Satu contoh lakon dialognya ora muluk-muluk banget bosone ora ndakik-ndakik banget dadi sedikit vulgar dari segi dialog, terus dari segi ceritanya juga ya tidak terlalu banyak cerita tapi banyak atraksi. Dan juga sinden dan pengrawit kru ya tidak semuanya orang tua jadi dicampur, utamanya sinden ya umur maksimal 30 35 lah. Dan juga sekarang itukan bagaimana pagelaran wayang itu tidak hanya dinikmati oleh penonton yang tua tapi juga yang muda-muda, maka dikasihlah seperti pementasan dangdut musik dangdut dan juga sekarang lagi viral-viralnya bintang tamu. Tapi bintang tamu juga sesuai dengan budget penanggap, kalau budget besar minta bintang tamu ya dikasih kalau tidak ya dengan kru saya. Ya dikasih dangdut sebelum pementasan wayang dalam arti jam setengah 8 sampai jam 9 nanti orgen atau dangdutan dulu, lah itukan juga menarik penonton. jadi memang berpikir keras iki arusnya bagaimana, dari dalang memang mengikuti arus tapi tidak meninggalkan pakem. Lah pakem itu corone koyok unggah ungguh gitu yo dadi tidak vulgar banget gitu.
93.	P	Jadi maksudnya tanpa harus meninggalkan keasliannya gitu ya?
94.	I	Iya, lebih dikempelkan lagi, dipadatkan lagi alur ceritanya. Singkat tapi berbobot. Disisa-sisa menyingkatan waktu diisi dengan banyaknya hiburan-hiburan. Soale sekarang itu penonton wayang tidak hanya menonton wayang tetapi juga mencari hiburan. Kalau saya mendalang dengan banyak dialog maka orang akan jenuh bosan. Soale kui niatku nonton kan pingin hiburan, ora mung dialog terus endak.
95.	P	Bagaimana dengan kelebihan dan kekurangan bapak selama menjadi dalang?
96.	I	Gini mbak, kita tidak bisa menilai kelebihan tapi kalau kekurangan bisa. Nek kekurangan mesti bisa dirasakan, oh lemah disisi ini kurang disisi ini. Kalau merasa lebih nanti kita akan stagnan disini. Tapi kalau merasa kurang nanti akan terus berproses. Misalnya ketika disuara merasa kurang begini nanti dilatih, atau kru ku kurang begini nanti di evaluasi gitu sih. Intinya tidak pernah merasa lebih tapi selalu merasa kurang, nah dari merasa kurang itu yang menjadikan kita untuk berproses.
97.	P	Selama menjadi dalang adakah momen khusus yang menjadikan bapak bangga sebagai dalang? Bapak bangga kan sebagai dalang?
98.	I	Yo bangga lah mbak, wong prosesku wae wes sedowo iki. Nek momen khusus iku naliko sehabis pentas dari penanggap itu mengucapkan rasa terima kasih dan merasa senang dan merasa puas, itu paling memuaskan tumrape pelaku seni sebagai dalang. Misal gini aku habis pentas di Desa ini terus setelah selesai dari penanggap bilang begini “terimakasih mas, antusias masyarakat sangat bagus dan sangat baik pementasannya” nah itu tuh moment yang sangat ya moment sisa budget juga tapi

		lebih puas itu. Dadi seni itu tidak hasil berapa rupiah yang saya terima tapi hasil pementasan itu bagaimana. Itu yang paling berkesan.
99.	P	Pernah merasakan jenuh atau capek atau tidak pak selama menjadi pelestari budaya wayang kulit?
100.	I	Loh nek itu ya gini mbak, hobi yang dibayar itu nggak merasa capek. Tapi nek aku capek ya tidur bar iku kerja lagi.
101.	P	Okeyy pak, bagaimana cara bapak mereward diri sendiri?
102.	I	Mungkin nek aku ya mbak momen seng paling tak senengi kui naliko bisa beli alat, misal wayang. Dadi abis ndalang ya beli wayang gitu. Anu kebanyakan temen-temen yang lingkupnya dalang itu untuk style keseharian atau fashion itu lebih penting membeli wayang selain itu tuh tidak penting. Saya sendiri juga gitu. Nek semisal jenuh bosen tah pingin opo yo wayang. Itu untuk menghibur diri sendiri ya beli wayang kan nambah koleksi walaupun harga wayang itu tidak murah. Itu nek saya ya mbak
103.	P	Kalau dilogika ya pak harga wayang kan mahal terus kerjanya musiman juga kan jadi
